**Wo’zbekistan Respublikasi’ Joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministirligi**

**Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq til bilimi kafedrasi’**

**Mi’rzanazarova Tursi’nay**

# Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyillerdin’ morfologiyali’q wo’zgeshelikleri

## Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’

**Ilimiy basshi’:** **prof. M.Qudaybergenov**

**Kafedra basli’g’i’:** **prof. M.Qudaybergenov**

**No’kis-2012**

**Jaqlawg'a ruxsat berildi:**

**Fakultet dekani':** **dots. Q.Turdi'baev**

**Kafedra basli'g'i':** **prof. M.Qudaybergenov**

**Ilimiy basshi':** **prof. M.Qudaybergenov**

**Tema: Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyillerdin' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri**

**Ma'mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n' qarari':**

**Mi'rzanazarova Tursi'naydi'n' pitkeriw qa'niygelik jumi'si'na**

**«___________________» ball qoyi'lsi'n**

**"_____"iyun 2011-ji'l**

**MAK basli'g'i': ________________________________**

**MAK ag'zalari': _______________________________**

**_______________________________________________**

_____________ _____________________

_____________ _____________________

_____________ _____________________

_____________ _____________________

**Jobasi':**

**Kirisiw**

a) Temani'n' aktualli'g'i'........................................................ 3
b) Temani'n' izertleniwi .................................... 3
v) Jumi'sti'n' maqset ha'm wazi'ypalari' ..................... 8

**I bap. Wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyil formalari'ni'n' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri**

**I.1. –g'an/-gen formali' kelbetlik feyiller ...................... 9**
**I.2. –mag'an/-megen formali' kelbetlik feyiller ................. 18**

**II bap. Ha'zirgi ma'ha'l kelbetlik feyil formalari'ni'n' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri**

**II.1. –i'wshi'/-iwshi formali' kelbetlik feyiller .................. 21**
**II.2. –i'wli'/-iwli formali' kelbetlik feyiller ..................... 25**
**II.3. –i'p/-ip, -a, -ye, -y + turg'an, ju'rgen, woti'rg'an (ati'rg'an) formali' kelbetlik feyiller ........................................... 26**

**III bap. Keler ma'ha'l kelbetlik feyil formalari'ni'n' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri**

**III.1. –ar/-yer (-mas/-mes) formali' kelbetlik feyiller .............. 30**
**III.2. –a, -ye, -y + tug'i'n formali' kelbetlik feyiller .............. 39**
**III.3. –a, -ye, -y + jaq formali' kelbetlik feyiller ................ 42**
**III.4. –maqshi'/-mekshi formali' kelbetlik feyiller ............... 44**

**Juwmaq ........................................................... 48**
**Paydalani'lg'an a'debiyatlar ............................................. 52**

## Kirisiw

**a) Temani’n’ aktualli’g’i’.** Tildin’ tiykari’n quraytug’i’n tiykarg’i’ so’zlik quram ha’m grammatikali’q quri’li’sti’ izertlew, ayi’ri’m kategoriyalardi’n’ jumsali’w jiyiligin u’yreniw wog’ada u’lken a’hmiyetke iye. Soni’n’ menen birge, tildin’ grammatikali’q quri’li’si’n izertlew woni’n’ ishki rawajlani’w ni’zamli’qlari’n ashi’w da a’meliy jaqtan a’hmiyetke iye za’ru’rli is bolip tabi’ladi’. Usi’g’an baylani’sli’ biz qaraqalpaq tili grammatikali’q quri’li’si’ sistemasi’nda ko’zge tu’setug’i’n ayri’qshali’qlardi’, ayi’ri’m grammatikali’q kategoriyalardi’, sonday-aq grammatikali’q faktlerdi toli’q ha’m ha’r ta’repleme izertlewdi basli’ ma’selelerdin’ biri dep yesaplaymi’z. Usi’nday ma’selelerdin’ biri qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyil kategoriyasi’ boli’p tabi’ladi’.

Kelbetlik feyiller kategoriyasi’ ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ grammatikali’q quri’li’si’ndag’i’ yen’ qi’yi’n ha’m yen’ a’hmiyetli grammatikali’q kategoriyalardi’n’ biri bolip yesaplanadi’. Biz jumi’si’mi’zda qaraqalpaq tili materiallari’ni’n’ tiykari’nda jiynalg’an til faktlerine analiz jasaw tiykari’nda ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyil formalari’n, wolardi’n’ ma’nilerin, morfologiyali’q qa’siyetlerin ani’qlawg’a yeristik. Bunday wo’zgesheliklerdi u’yreniw qaraqalpaq til bilimindegi aktual ma’selelerdin’ biri boli’p tabi’ladi’.

**b) Temani’n’ izertleniwi.** Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyil kategoriyasi’ tuwrali’ mag’li’wmatti’ N.A.Baskakovti’n’ 1931-ji’li’ To’rtku’l qalasi’nan shi’qqan “Краткая грамматика каракалпакского языка” atli’ miynetinen ko’riwge boladi’. Bul grammatikada birinshi ret kelbetlik feyil formalari’, wolardi’n’ jasali’wi’ ha’m ma’nisi haqqi’nda mag’li’wmatlar berilgen. Wonda kelbetlik feyil feyil qurami’ndag’i’

do’rendi formalardi’n’ biri si’pati’nda ko’rsetilip, kelbetlik feyildin’ feyillik ha’m atawi’shli’q belgilerine na’zer awdari’lg’an.[1]

Soni’n’ menen birge, N.A.Baskakovti’n’ qaraqalpaq tilin monografiyali’q bag’darda izertlewge arnalg’an “Каракалпакский язык” (Фонетика и морфология, част первая, М., 1952) miynetin ayri’qsha belgilep wo’tiw kerek. Avtor bul miynetinde kelbetlik feyil formalari’na woti’z bes betke jaqi’n materialg’a wori’n bergen.

Jumi’sta kelbetlik feyiller atawi’sh ha’m hal feyiller menen birge feyildin’ ayri’qsha do’rendi formalari’ si’pati’nda qaraladi’. Wolar feyilden jasalg’an atli’qlar ha’m kelbetlikler menen sali’sti’ri’li’p qarag’anda feyillik ha’m atawi’shli’q belgilerine iye boli’wi’ menen ayri’latug’i’n feyil formalari’ si’pati’nda ani’qlanadi’. Bul jumi’sta birinshi ret jiyi qollani’latug’i’n wo’nimli formalar menen birge (-g’an/-gen, -ar, -a + tug’i’n, a + jaq) wo’nimsiz formalar da (-a + g’an, a + si’), sonday-aq, kelbetlik feyildin’ yekinshi da’rejeli formalari’ da (-uw + shi’, uw + li’, -maq + shi’, -g’an + day) berilgen. Soni’n’ menen birge feyildin’ atrebutivli’-ani’qlawshi’ formalari’na arnalg’an bo’liminde tariyxiy jaqtan ali’p qarag’anda kelbetlik feyilden kelip shi’qqan, biraq ha’zirgi qaraqalpaq tilinde tu’rleniwshi feyil formalari’ ma’nisine iye boli’p ketken, yag’ni’y, bayanlawi’shli’q xi’zmetti g’ana atqari’wshi’ geypara formalar da (-di’, -g’ay, -ay, -si’n, -sa) keltiriledi.[2]

Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil kategoriyasi’n izertlewde basqa grammatikali’q kategoriyalar si’yaqli’ bul ma’seleni basqa tu’rkiy tillerindegi miynetlerde qalay sheshilgenin de yesapqa ali’wi’mi’z kerek. Bir neshe tu’rkiy tilleri boyi’nsha do’retilgen tyurkologiyali’q a’debiyatlarg’a

---

[1] Баскаков Н.А. Краткая грамматика каракалпакского языка, Турткуль, 1931. стр. 54-59, 76-88.
[2] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология, часть первая, М., 1952, стр. 423-459.

na’zer awdarsaq, wolardi’n’ ishinde ilimiy ha’m sabaqli’q grammatikalardan basqa kelbetlik feyil kategoriyasi’n izertlewge arnalg’an ayi’ri’m miynetlerde de ko’riwge boladi’. Bul miynetlerde kelbetlik feyil kategoriyasi’ haqqi’ndag’i’ ma’selenin’ biraz ilimiy jobada shehshilgeni de ko’zge tu’sedi. Usi’nday miynetlerdin’ qatari’na kelbetlik feyillerdi ayri’qsha izertlewge arnalg’an R.Jumaniyazovti’n’[1], T.Yerg’alievti’n’[2], I.A.Andreevtin’[3], Sh.Ch.Satti’n’[4] miynetlerin atap wo’tiwge boladi’.

Wo’zbek, qazaq, hakas ha’m tuvin tillerinde do’retilgen bul arnawli’ miynetler menen birge kelbetlik feyil kategoriyasi’ ayi’ri’m tu’rkiy tillerinin’ ilimiy ha’m sabaqli’q grammatikalari’nda biraz so’z yetiledi. Bunday miynetlerdin’ qatari’na ko’rnekli tyurkologlar bolg’an Kazan professori’ Mi’rza A.Kazembektin’ “Общая грамматика турецкого-татарского языка” (Казань, 1939, 2 изд – 1846). Altay missiyasi’ni’n’ wa’killeri ta’repinen du’zilgen “Грамматика алтайского языка” (Казань, 1869), P.M.Melioranskiydin’ “Краткая грамматика казан-киргизского языка” (ч.1.Спб.1894, ч. II Синт. Спб, 1897), V.A.Gordlevskiydin’ “Грамматика турецкого языка” (Москва, 1928), N.K.Dmitrievti’n’ “Грамматика башкирского языка” (М.1948), A.N.Kononovti’n’ “Грамматика турецкого языка” (М-Л., 1956), “Грамматика современного узбекского литературного языка” (М-Л., 1960), A.K.Borovkovti’n’ “Учебник уйгурского языка” (Л., 1935), V.M.Nasilovti’n’ “Грамматика уйгурского языка” (М., 1940) miynetlerin atap ko’rsetiwge boladi’. Ha’r bir izertlewshi tu’rkiy tillerinin’ qaysi’si’ bolmasi’n, bul miynetlerdi basshi’li’qqa ali’wi’ arqali’ wo’z ilimiy jumi’si’n ali’p bari’wda biraz jetiskenliklerge yerisiwi mu’mkin.

---

[1] Жуманиязов Р. Ўзбек тилида сифатдош аниқловчилар. АКД. Тошкент, 1944.
[2] Ерғалиев Т. Қазақ тілінде есітшелер. АКД. Семиполатинск, 1951.
[3] Андреев И.А. Причастие в чувашком языке. Чебоксары, 1961.
[4] Сат.Ш.Ч. Причастия в тувинском языке. АКД. М., 1961.

Kelbetlik feyil kategoriyasi’na arnalg’an a’debiyatlardi’, sonday-aq tyurk tilleri boyi’nsha ha’zirgi qolda bar grammatikalarda da izertlewlerdi qarasti’ra woti’rip, biz wonda kelbetlik feyil formalari’na baylani’sli’ mi’naday bag’darlardi’ ko’remiz. Geypara avtorlar kelbetlik feyil formalari’n (barli’g’i’n yamasa geyparalari’n) wo’zinin’ feyillik ma’nisin joyi’lti’p, atli’qqa ha’m kelbetlikke awi’si’p ketken feyil sistemasi’ndag’i’ kelbetlik feyil yamasa feyilden jasalg’an atawi’shlardi’n’ bo’liminde de qarasti’radi’. Keyingisine wolar tyurk tillerindegi kelbetlik feyil formalari’nin’ rus tilindegi kelbetlik formalardi’n’ ma’nisine da’l sa’ykes kelgen ma’nilerin kirgizedi. Al tyurk tillerindegi kelbetlik feyil formalari’ni’n’ basqa ma’nilerine, yag’ni’y wolardi’n’ substantivlesip, ha’rekettin’ atamasi’n, yamasa protsesstin’ atamasi’n bildiretug’i’n ma’nilerine kelsek, wolardi’ feyil sistemasi’nan bo’leklenip ketken feyilden jasalg’an atawi’shlar sostavi’na birden kirgizip, bunday formalardi’ wolar menen birge atawi’shlardi’n’ so’z jasaw sistemasi’nda qaraydi’. Bunday jumi’slardi’n’ qatari’na A.Kazembektin’ “Общая грамматика турецкого-татарского языка” (Казан, 1839.., 2 изд. 1846), Altay missiyasi’ ag’zalari’ ta’repinen du’zilgen “Грамматика алтайского языка” (Казан, 1869), P.M.Melioranskiydin’ “Краткая грамматика казак-киргизского языка” (1831, Спб.., 1894 ч 2, Синт.., Спб.., 1897), Pravoslav missionerlik ja’miyeti baspasi’ni’n’ “Грамматика киргизского языка” (Оренбург, 1899), V.P.Namevkinnin’ “Руководство к практическому изучению сарговского языка” (Ташкент, 2.изд 1912), V.A.Gardlevskiydin’ “Грамматика турецкого языка” (М.,1928), S.V.Yastremskiydin’ “Грамматика русского языка” (М.,1936), A.N.Kononovti’n’ “Грамматика турецкого языка” (М-Л., 1941), “Грамматика узбекского языка” (Ташкент, 1948) h.t.b miynetlerdi jatqari’wg’a boladi’.

Al tag'i' bir avtorlar kelbetlik feyil formalari'n feyil sistemasi'nan bo'linip shi'qqan feyilden jasalg'an atawi'shlar menen aralasti'rmaydi. Wolar kelbetlik feyil formalari'n feyil ma'nisin joytqan atawi'shlar sistemasi'nda yemes, al kerisinshe wolardi' toli'g'i' menen feyilge ta'n ha'reketlik ma'nisin saqlap qalg'an do'rendi formalardi'n' biri si'pati'nda feyil sistemasi'na kirgizedi.

Degen menen, wolar kelbetlik feyil formalari'n feyi sistemasi'nda qaray woti'rip, bunday formalardi' tu'rlishe ataydi'. Birewleri kelbetlik feyil formalari'n kelbetlik feyiller (причастие) dep atasa (Н.К.Дмитриев «Грамматика кумыкского языка» М-Л., 1940, «Грамматика башкирского языка» М-Л., 1948, А.К.Бороков «Учебник уйгурского языка» Л., 1935, Н.А.Баскаков «Ногайский язык и его диалекти» М-Л., 1940, «Хакасский язык», «Хакасско-русский словарь, М.,1953), А.П.Поцелдевский «Основы синтаксиса туркменского литературного языка» Ашхабад, 1943, А.И.Инкижасова – Грекул «Причастия в хакасском языке», Сборник посвящ, акад. В.А.Гордлевскому, М.,1953, М.Курбангалиев и Р.Газизов «Опыт систематической грамматики татарского языка в сравненим с грамматикой русского языка» Казань, 1931), yekinshi birewleri wolardi' atawi'sh feyillerden ha'm hal feyillerden bo'lek, ya birge feyilden jasalg'an atawi'shlar dep ataydi' (Н.П.Диренкова «Грамматика шорского языка» М-Л.,1941. В.М.Насилов «Грамматика уйгурского языка» М., 1940). U'shinshi birewleri kelbetlik feyil formalari'n feyillik-atawi'shli'q formalar dep ataydi' (И.А.Батманов «Грамматика киргизского языка» вып.Ш. Фрунзе, 1941).

Soni'n' menen birge qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyillerdi sistemali' izertlewge arnalg'an D.S.Nasi'rovti'n' monografiyali'q miyneti[1] jari'q

[1] Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Қарақалпақ мэмлекетлик баспасы, Нөкис, 1964.

ko'rdi. Avtor wonda qaraqalpaq tilinde ko'rkem a'debiy shi'g'armalardan, folklorli'q materiallardan ha'm gazeta materiallari'nan ali'ng'an til faktlerin analiz jasaw tiykari'nda ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi kelbetlik feyil formalari'n, wolardi'n' ma'nilerin, morfologoyali'q ha'm sintaksislik qa'siyetlerin ani'qlaydi'. Sonday-aq avtor kelbetlik feyilli toplamlardi'n' sintaksislik xizmetlerine toqtag'anda ken'eytilgen ag'zalar, qospa bag'i'ni'wshi' ga'p haqqi'nda da wo'z pikirin ko'rsetip wo'tedi.

**v) Jumi'stin' maqset ha'm wazi'ypalari'.** Ha'r qanday tildin' wo'zin jeke izertlew, woni'n' ishki rawajlani'w ni'zamli'qlari'n toli'q qarasti'ri'w, ayri'qshali'qlari'n ani'qlaw u'lken a'hmiyetke iye. Usi'lardi' yesapqa alg'an halda, ha'zirgi qaraqalpaq tilindegi grammatikali'q ma'selelerdin' biri bolg'an kelbetlik feyildi u'yreniwde biz woni'n' tiykarg'i' formalari'n morfologiyali'q ta'repten izertlewdi, wolardi'n' ayri'qshali'qlari'n ko'rsetiwdi, bul kategoriyani'n' ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikali'q quri'li'si' sistemasi'nda tutatug'i'n worni'n belgilewdi basli' maqset yetip qoydi'q.

## I bap. Wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyil formalari’ni’n’ morfologiyali’q wo’zgeshelikleri

I.1. –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyiller.

Kelbetlik feyildin’ bul formasi’ ko’pshilik tu’rkiy tillerinde wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ wo’nimli formalari’ni’n’ ha’m wog’ada jiyi qollani’latug’i’n formalardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Al tu’rk, gagauz, a’zerbayjan ha’m tu’rkmen tillerinde bul formani’n’ worni’na –an, -mi’sh, -di’q formalari’ qollani’ladi’. Bul forma wol tillerde kelbetlik feyil yemes, ba’rinen de buri’n feyilden jasalg’an kelbetlikler ma’nisindegi qati’p qalg’an formalar si’pati’nda saqlani’p kiyati’r.[1]

-g’an/-gen formalari’ ha’m wolardi’n’ kelbetlik feyil ma’nisinde qollani’li’wi’ yeski tu’rkiy tilleri yestelikleri menen ushlasadi’. Bizge belgili yeski tu’rkiy jazi’w nusqalari’nda, Orxon-Enisey yesteliklerinde a’dette wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyil ma’nisinde “mi’sh” ha’m “du’k” formalari’ qollani’lg’an. Al kelesi yesteliklerde bolsa, yag’ni’y uyg’i’r jazi’wi’ni’n’ yesteliklerinde, arab jazi’wi’ni’n’ yesteliklerinde bul formalar menen bir qatarda –g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ qollani’li’p kelgenin ko’remiz.

-g’an/-gen formasi’ tu’slik-shi’g’i’s, arqa-bati’s ha’m arqa-shi’g’i’s toparlari’ndag’i’ ha’zirgi tillerde –mi’sh ha’m –di’q formalari’ni’n’ worni’na ju’da’ ken’ qollani’li’p kiyati’r[2].

Solay yetip ko’pshilik tu’rkiy tillerinde –g’an/-gen formasi’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyil formasi’nda a’yyemgi waqi’tlardan beri qollani’lmaqta. Al, -mi’sh, -di’q formalari’ bolsa tu’slik-bati’s

---

[1] Дмитриев Н.К. Грамматика кумыкского языка. М- Л., 1940, стр. 146.
[2] Малов С.Е. Памятники древнетюркской писменности, М-Л., стр. 40-41.

toparlari'ndag'i' tillerde ha'm yakut tilinde wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyil ma'nisinde qollani'li'p keldi. Basqa tu'rkiy tillerindegi –mi'sh, -di'q formalari'na keletug'i'n bolsaq, wolardi'n' bul tillerde feyil sistemasi'nan bo'linip shi'qqan feyilden jasalg'an atli'qlar menen kelbetliklerdin' arasi'nda sheklengen mug'darda g'ana yeskiden kiyati'rg'an qaldi'qlar si'pati'nda saqlani'p kiyati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Ma'selen, qaraqalpaq tilinde –mish (-mi's/-mis) formalari' arqali' feyilden jasalg'an atli'qlar ushi'rasadi': turmi's, qi'lmi's, jazmi'sh, tarami's ha'm t.b.

Bul forma feyilden jasalg'an menshikli atlarda da saqlani'p kiyati'r: Wo'temis, To'lemis, Toqtami's, Abat Jarmi'sh ha'm t.b.

Soni'n' menen birge, ha'zirgi qaraqalpaq tilinde –mi'sh/-mish (-mi's/-mis) formasi' (-yer/-ir) ko'mekshi feyilinen "yemish" modalli'q janapayi'n jasaydi' ha'm usi' formada ha'rekettin' yamasa fakttin' gu'manli' ma'nis ottenogin beredi. Mi'sallar: Ayti'wi'na qarag'anda wol seni aldi'n ha'm ko'rgen yemish (Sh.Seytov). Bizin' molla haji'g'a baradi'mi's degen xabar taradi' (A'.Shamuratov).

-g'an/-gen formali' kelbetlik feyil qaraqalpaq tilinin' barli'q stillerinde ken'nen qollani'ladi'. Wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyilinin' bul formasi' qaraqalpaq tilinde qa'legen feyil tiykari'nan jasala beredi.

Yendi biz –g'an/-gen formali' kelbetlik feyildin' morfologiyali'q wo'zgesheliklerine toqtap wo'temiz:

a) –g'an/-gen kelbetlik feyilinin' feyil tu'birlerinen jasali'wi'.

Wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili –g'an affiksi arqali' jay, do'rendi yemes feyillerdin' tu'birlerinen, sonday-aq jay do'rendi tu'bir feyillerinen de jasaladi'. Jay do'rendi yemes ha'm atawi'sh so'zlerden jasalg'an do'rendi feyil tu'birleri, sonday-aq qospa ha'm qurama feyil tu'birleri da'reje affikslerin qabi'l yetkenge shekem-aq ha'reket processine iye bolg'an subekt

penen obekttin’ qatnasi’n bildirip turadi’. Solay yetip, joqari’da ko’rsetilgen feyil tiykarlari’ leksikali’q qurallar ja’rdemi menen belgilenetug’i’n tiykarg’i’ da’rejeni aladi’. Soni’ da ayti’p wo’tiw kerek, -g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili jasali’w arqali’ tiykari’nan alg’anda bul kelbetlik feyildin’ tiykarg’i’ da’rejedegi feyil tu’birleri menen tiykarlari’nan jasali’wi’ ko’rinedi. Bul feyil tu’birleri menen tiykarlari’ feyildin’ ayri’qsha do’rendi formasi’na aylani’wi’ arqali’ (kelbetlik feyilge) predmettin’ belgisine aylanadi’. Basqasha aytqanda, bunday feyiller arqali’ wo’tken waqi’tta boli’p wo’tken ha’reket-belgi yamasa halat an’lati’ladi’. Mi’sallar: Aq su’t bergen anani’n’, balada haqi’ ko’p bolar (Qq. x. n-m). Keshte padadan qaytqan mallar, qoy janli’qlar awi’lg’a a’kelinbedi (A’.Shamuratov).

Sonday-aq jay do’rendi feyil tiykarlari’nan jasaladi’: Bul jaydi’ islegen adam sheber bolsa kerek. Izlep ju’rip alti’n tasti’ urlag’an kempirdin’ jayi’na keledi (Qq.x.ye).

b) Qospa feyil tiykarlari’nan jasali’wi’. Bir waqta Meytin a’kelgen qonag’i’n u’yine kirgizipti (Qq.x.ye). Bir-birinen jari’sta wozbaqshi’ boli’p, ha’reket qi’lg’an woqiwshi’lar g’ajja-g’aj paxta terip ati’r (T.Na’jimov)

v) Feyildin’ da’reje formalari’nan jasali’wi’.

1) Belgisiz da’reje feyil tiykarlari’nan:

A’miwdin’ boyi’na yegilgen bag’lar
Palday jemislerdi jegizdi sag’an. (J.Aymurzaev)

Ku’n kesh boldi’. Terilgen paxtalardi’ beriw baslandi’ (S.Saliev).

2) Sheriklik da’reje feyili tiykarlari’nan: Worta boyli’, qi’rma saqal, basi’nda malaqayi’ bar, wori’ssha keyingen jigit yen’sesinen iyterip: “ju’r”,- dedi (N.Da’wqaraev). Tu’ni menen julqi’ng’an boran da ti’ni’pti’ (N.Da’wqaraev).

3) Wo’zgelik da’reje feyil tiykarlari’nan:

Kelgende won bes jasi’na

Aytti’rg’an jigit ko’p boldi’ (Qi’ri’q qi’z).

Du’nyada joq wo’nerdi tapsi’n degen bayag’i’ qi’zi’n’di’ soratqan bala men deydi (Qq.x.ye).

g) –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an basqa so’z shaqaplari’ni’n’ do’rendi formalari’. Bunday formalar ha’rekettin’ feyillik semantikasi’ menen hesh qanday baylani’si’ joq ha’m wolar do’rendi formalar si’pati’nda basqa so’z shaqaplari’ni’n’ qurami’na kiredi.

Feyil sistemasi’nan bo’linip shi’g’i’p, basqa so’z shaqaplari’na wo’tip ketken feyillerdin’ jasali’wi’ tiykari’nan u’sh tu’rli jol menen iske asadi’: birinshiden, feyillik ma’nisin joyi’lti’p, basqa so’z shaqaplari’na awi’sqan –g’an/-gen affiksli so’z formalari’nan bo’linip shi’g’adi’, yag’ni’y kelbetlik feyil tiykarli’ bo’leklengen formalar ayri’lip shi’g’adi; yekinshi, basqa so’z shaqaplari’ni’n’ do’rendi formalari’ –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyildin’ tag’i’ da affikslerdi qabi’l yete beriwi na’tiyjesinde jasaladi’; ushinshi, do’rendi formalar so’z qosi’li’wi’ arqali’ payda boladi’.

1) Bo’leklengen kelbetlik feyil tiykarlari’. Wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilin jasawshi’ –g’an/-gen affiksli feyil sistemasi’nan bo’linip shi’qqan feyilden jasalg’an atawi’shlardi’ do’retedi. Bunday xi’zmette –g’an/-gen affiksi ju’da’ siyrek qollani’ladi’ ha’m ha’rekettin’ passiv na’tiyjesin, ha’reket iyesin yamasa ha’reket qurali’n an’latatug’i’n geypara qati’p qalg’an go’ne formalarda g’ana ushrasadi. Mi’sali’: juwi’rg’an, tapqan, qalqan, ag’arg’an, tuwg’an, jaratqan ha’m t.b.

-g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili sanaq sanlardan shamali’q sanlar jasaytug’i’n –lag’an/-legen qospa affiksinin’ qurami’na da kiredi. Bul affiks atawi’sh so’zlerden feyil jasaytug’i’n –la/-le affiksi menen

wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ –g’an/-gen affiksinen turadi’. Ha’zirgi waqi’tta bul qospa affiks shamali’q san jasaytug’i’n bir pu’tin affiks si’pati’nda tu’siniledi[1].

Mi’sallar: woti’zlag’an, wonlag’an, qi’ri’qlag’an; Jigirma, woti’zlag’an qara mali’, bir u’yir ji’lqi’si’ bar (N.Da’wqaraev).

Qaraqalpaq tilinde tirkewishler kategoriyasi’na wo’tip ketken –g’an/-gen formali’ geypara bo’leklengen formalar da ushi’rasadi’. Bug’an qusag’an/usag’an tirkewishi kiredi. Bul tirkewish tiykari’nan alg’anda ataw, bari’s sepligindegi atawi’sh so’z benen dizbeklesip uqsasli’qti’ bildiredi: Bir waqi’tta iyt qusag’an domalap kiyati’rg’an kirpitikendi ko’redi (Qq. x.ye). Mi’naw Qalniyaz bayg’a usag’an iytler sag’an talay qi’si’wmetlerdi ko’rseter (N.Da’wqaraev).

-g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ ja’rdemi menen yer-/ir toli’q formasi’ menen ushlasi’wshi’ “ye” ko’mekshi feyilinen “yeken” modal so’zi jasaladi’. Bul modal so’z sha’rtli tu’rde tariyxiy jaqtan g’ana wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili boli’p tabi’ladi’. Al tildin’ ha’zirgi jag’dayi’ndag’i’ sementikali’q belgisi boyi’nsha wol modal so’zler kategoriyasi’na kiredi. Solay yetip, “yeken” so’zi ha’r tu’rli feyil formalari’ menen birigip, boli’wi’ mu’mkin bolg’an degen ma’ni ottenogin beredi ha’m geypara gu’milji fakt ottenoklari’n bildiretug’i’n betleniw tiplerin jasawg’a xi’zmet yetedi. “Yeken” modal so’zi atawi’sh so’zler menen birigip, tiykari’nan alg’anda, wolardi’ predikativlestiriw ushi’n xi’zmet yetedi. “Yeken” so’zi atawi’sh so’zler menen yamasa feyildin’ atawi’sh formalari’ menen birigip, atawi’shlardan, yamasa feyildin’ atawi’sh formalari’nan ha’m “ye” ko’mekshi feyilinen turatug’i’n qurama feyil formalari’nan jasalg’an wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilin payda yetedi. Bunday jag’dayda “yeken”

---

[1] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология. Часть первая, Москва, 1952, стр. 229.

so’zi atawi’sh so’zlerdin’ predikativlestiriwshi elementi boli’wi’ menen qatar itimalli’q ma’ni ottenogin beredi. Misali: Wol yele bala yeken.

“Yeken” so’zi atawi’shli’q obekttin’ qasi’nda qollani’li’p, ha’reket processin an’latadi’ ha’m atawi’shlar menen birge qurama feyillerden do’regen kelbetlik feyil payda yetip, seplik ha’m tarti’m affikslerin qabi’l yetedi. Mi’sali’: So’ytip ju’rip wa’zirdin’ balasi’ buni’n’ qi’z yekenin sezedi. (Qq.x.ye).

“Yeken” modal so’zinen –li’q/-lik affiksinin’ ja’rdemi menen –g’anli’q/-genlik formasi’nday qollani’latug’i’n “yekenlik” abstrakt forma payda boladi’. Ko’pshilik jag’daylarda “yekenlik” formasi’n –li’q/-lik affiksi menen almasti’ri’wg’a boladi’. Mi’sallar: Wol woni’n’ so’zlerinin’ a’dip yekenligin (a’dilligin) sezdi. (J.Ta’menov). Ha’r bir konsultantqa ko’p degende 7-8 adamdi’ bekitip qoyi’wdi’n’ qolayli’ yekenligin (qolayli’li’g’i’n) ta’jriybe ko’rsetip woti’r (J.Ta’menov).

2) Affiksaciya joli’ menen –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyillerden jasalg’an do’rendi formalar.

Geypara –g’an/-gen affiksli kelbetlik feyil tiykarlari’ so’z jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi affikslerdin’ qosi’li’wi’ arqali’ basqa so’z shaqaplari’ni’n’ qurami’na wo’tip ketken:

1. –g’an/-gen affiksli wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinen geyde –li’q/-lik affiksi arqali’ feyil sistemasi’nan bo’linip shi’qqan feyilden jasalg’an atli’q so’zler payda boladi’. Mi’sali’: jetiskenlik, buzi’lg’anli’q.

Men wolardi’ jawingerlik jetiskenlikler menen qutli’qladi’m. (N.Da’wqaraev).

2. –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyilden –si’z/-siz affiksinin’ ja’rdemi menen feyil sistemasi’nan bo’leklengen feyilden jasalg’an kelbetlikler payda boladi’. Mi’sali’: ko’rgensiz.

3. “Qarag’anda” tirkewish de –g’an/-gen formali’ wori’n sepligindegi kelbetlik feyil menen ushlasadi’. Bul tirkewish “qara” feyilinen jasaladi’ ha’m bari’s sepligindegi atawi’sh so’zdi basqaradi’. Tiykarg’i’ ma’nisi – sali’sti’ri’w. Mi’sali’: Basqalarg’a qarag’anda Annageldinin’ joli’ qa’wiplirek yedi (A.Begimov).

3) So’z birigiw joli’ menen-g’an/-gen formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an do’rendi formalar.

1. –g’an/-gen formali’ ko’p betlik feyillerdin’ juplasi’p birigiwi na’tiyjesinde ji’ynaqlawshi’ ma’ni bildiretug’i’n bo’leklengen atli’q so’zler jasaladi’. Mi’sali’: tuwi’sqan-tuwg’an.

2. subekt yamasa obekt boli’p yesaplanatug’i’n atli’q so’zler menen predikat boli’p tabi’latug’i’n –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyillerdin’ birigiwinen turatug’i’n sintaksislik kompleks na’tiyjesinde feyilden jasalg’an bo’leklengen atawi’sh so’zler payda boladi’. Wolar menshikli adam atlari’ ha’m geografiyali’q atamalardi’ bildiredi. Mi’sali’: 1. Adam atlari’: Allambergen, Qudaybergen, Ta’n’irbergen. 2. Geografiyali’q atamalar: Qi’zketken, Qazanketken, Qumbasqan, Qiyatjarg’an, Qoyqi’ri’lg’an t.b.

d) Ko’plik affiksli –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyil

Substantivlesken wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili (–g’an/-gen formali’) –lar/-ler ko’plik jalg’awlari’n qabi’l yetedi ha’m ha’reket yetiwshi bet atlari’ni’n’ belgili bir topari’ haqqi’ndag’i’ tu’sinikti an’latadi’. Ha’reket yetiwshi bet atlari’ni’n’ belgili bir topari’n an’lati’wshi’ –lar/-ler ko’plik jalg’awi’ –g’an/-gen affiksleri arqali’ jasalg’an kelbetlik feyil ani’qlani’wshi’ atli’q kelbetlik feyil – ani’qlawi’shtan an’lasi’lg’an ha’reketke aktiv qatnasi’wshi’ bet boli’p yesaplanadi’. Ha’reket yetiwshinin’ ati’n bildiretug’i’n ko’plik jalg’awli’ –g’an/-gen affikslerinen jasalg’an kelbetlik feyil a’dette baslawi’sh xizmetin atqaradi’. Mi’sali’: -

Woti’ri’n’i’zlar, -dedi, yekewi birden, kelgenler (Qq.x.ye.). Ko’rmegenler inanbaydi’. Sog’an qayi’l bolg’anlar diywang’a jazi’li’p ala bersin (S.Xojaniyazov).

e) Tarti’m affiksli –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyil**.**

Ani’qlani’wshi’ so’z ma’nisinde qollani’lg’an –g’an/-gen affiksli wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili atributivlik sintaksislik qatnasti’ bildiretug’i’n forma boli’p yesaplanatug’i’n tarti’m affiksi menen keledi. Tarti’m jalg’awli’ –g’an/-gen affiksli kelbetlik feyil tiykari’nan alg’anda ha’reket processin, ha’rekettin’ na’tiyjesin yamasa obektin bildiredi. Ha’rekettin’ obekti ma’nisi tarti’m jalg’awli’ –g’an/-gen affiksli kelbetlik feyil de substantivlesedi ha’m ha’rekettin’ wo’zinin’ yamasa woni’n’ na’tiyjesinin’ atamasi’ xi’zmetin atqaradi’. Soni’n’ menen birge kelbetlik feyil ani’qlani’wshi’ so’zdegi tarti’m affiksi logikali’q subekttin’ betin ha’m sani’n bildiriwshi grammatikali’q ko’rsetkish xi’zmetinde turadi’. Mi’sallar: Sanap ko’rsem menin’ aytqani’m ras yeken (Qq.x.ye.). Tu’nde yamasa tu’stegi dem ali’sta azmaz dem alsan’, sharshag’ani’n’ shi’g’i’p ketedi (N.Da’waraev). Jurt Shomanaydi’ maqtaydi’… sira’ solay qaray i’g’i’sqani’mi’z maqul bolar (J.Saparov).

Tarti’m affiksli wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili joqari’da ko’rsetilgen tiykarg’i’ ma’nilerden basqa geyde ha’rekettin’ iyesi ma’nisinde de substantivlesedi. Bunday jag’dayda tarti’m affiksli kelbetlik feyilden ha’reket – janli’ predmet ma’nisin an’latatug’i’n ani’qlani’wshi’ atli’qti’ almasti’ri’p turadi’. Mi’sali: Si’lbi’r bolsa tiygenin’, qosi’la almassan’ qatarg’a (Qq.x. n-m.).

j) Seplik affiksli –g’an/-gen formali’ kelbetlik feyil.

Substantivlesken –g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili substantivlik formani’ talap yetiwshi ga’p ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin

atqarg'anda ga'ptegi xi'zmetine qaray seplik affikslerin qabi'l yetedi. Seplik affiksleri –g'an/-gen formali' substantivlesken kelbetlik feyildin' yamasa tarti'm affiksli –g'an/-gen formali' kelbetlik feyildin' tiykari'na jalg'ana aladi'. Solay yetip, joqari'da ko'rsetilgen bul so'z wo'zgeriw formalari' –g'an/-gen formali' kelbetlik feyildin' qatar qollani'wi' da yamasa bir-birinen g'a'rezsiz qollani'li'wi' da mu'mkin.

–g'an/-gen formali' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili seplikler ma'nisin toli'qti'ri'wshi' ha'm ani'qlawshi' tirkewishler menen de birigiwi mu'mkin. Solay yetip, substantivlesken –g'an/-gen formali' kelbetlik feyil ga'p ishindegi xi'zmetine qaray tu'rli sintaksislik qatnasti'n' ko'rsetkishi bolg'an seplik affikslerin qabi'l yetedi ha'm tirkewishler menen dizbeklesedi. Mi'sallar: Ko'p so'ylegen yezbe boladi', ko'p qi'di'rg'an gezbe boladi' (Qq.x.n-m.). Jan'ag'i' so'ylep turg'anni'n' kim yekenin bilmedi (Qi'ri'q qi'z). Menin' a'kelgenimdi aytpa deydi (Qq.x.ye.). So'z baslap bergenin'izge raxmet (J.Aymurzaev). Quwang'anda qi's ku'nlerim bolar jaz (J.Aymurzaev). Wo'lgen jaqsi' bu'ytip wo'mir su'rgennen. (Qi'ri'q qi'z).

z) Betlik affiksli –g'an/-gen formali' kelbetlik feyil.

–g'an/-gen formali' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili basqa tiykarg'i' feyil formalari' si'yaqli' betlenedi. Bunday jag'dayda wol feyildin' betlik formasi'na sa'ykes keledi, wo'ytkeni kelbetlik feyilge jalg'ang'an betlik affiksi subekttin' betin ko'rsetedi.

Solay yetip, wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili betlik affikslerin qabi'llaw arqali' feyildin' ani'qli'q meyilinin' wo'tken ma'ha'llerinin' bir tu'rin jasaydi'. Ma'selen:

| | Birlik san | Ko'plik san |
|---|---|---|
| I | Alg'anman | Alg'anbi'z |
| II | Alg'ansan' | Alg'ansi'z |

III  Alg’an                                        (Wolar) alg’an

Bul ma’ha’ldin’ tilimizdegi ma’nisine keletug’i’n bolsaq, woni’n’ na’tiyjesi ha’zirgi waqi’tta seziletug’i’n, biraq wo’tkende boli’p wo’tken faktti bildiretug’i’n ma’ha’l yekenin ayti’wi’mi’z kerek. Bunda so’ylewshi sol buri’n bolg’an ha’rekettin’ guwasi’ boldi’ ma, yamasa woni’ bir dereklerden bile me, bul hesh qanday a’hmiyetke iye bolmaydi’. Sonli’qtan qaraqalpaq tilinde buni’ na’tiyjeli wo’tken ma’ha’l dep ataydi’. Wol mi’naday sxema menen jasaladi’: feyil tiykari’+g’an affiks+betlik affiksi. Mi’sallar: Qaran’g’i’q qaplag’an, Xan zamani’n ko’rgenmen (A.Begimov). Wonda ta’jiriybeli mug’allimlerdin’ is ta’jriybeleri jazi’lg’an (“Yerkin Qaraqalpaqstan” gazetasi’).

–g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili feyildin’ ani’qli’q meyilinin’ buri’ng’i’ wo’tken ma’ha’linin’ tiykari’na da jatadi’. Buri’ng’i’ wo’tken ma’ha’l –g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyildin’ “yedim” betleniwshi forma menen dizbeklesiwinen jasaladi’. Wotken ma’ha’l kelbetlik feyili menen “yedim” formasi’ni’n’ dizbeklesiwinen jasalg’an buri’ng’i’ wo’tken ma’ha’l basqa bir wo’tip ketken ha’reketten buri’ng’i’ wo’tken ha’reketti an’latadi’. Mi’sallar: Baxi’tti’ a’rman yetken yedim, baxi’tqa jettim (X.Seytov). Siz aviyaciya mektebine wo’z yerkini’z benen kirgenbe yedin’iz? (N.Da’wqaraev).

I.2. –mag’an/-megen formali’ kelbetlik feyiller.

Bul forma arqali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’msi’z feyil tiykari’na (boli’msi’z tiykari’na) –g’an/-gen affikleririnin’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasaladi’, woni’n’ basqa variantlari’ jalg’anbaydi’, sebebi feyildin’ boli’msi’z tu’rinin’ tiykari’ barli’q waqi’tta dawi’sli’ seske pitedi. Mi’sali’: Uyalma-uyalmag’an. Uyalmag’an buyi’rmag’an aspan minedi (Qq.x.n-m).

Ko’rme-kormegen. Ko’rmegen jerdin’ oyli’-shuqi’ri’ ko’p boladi’ (Qq.x.n-m).

Joqari’da ko’rsetilgen wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ affikslerinin’ bul variyantlari’ qaraqalpaq a’debiy tilinin’ normasi’ boli’p yesaplanadi’.

–g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyildin’ tiykarg’i’ ma’nisi wotken waqi’ttag’i’ ha’reketke, jag’dayg’a baylani’sli’ predmettin’ belgisin bildiriw boli’p tabi’ladi’. Predmettin’ dinamikali’q ha’m ma’ha’llik belgisin bildiretug’i’n –g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyili basqa kategoriyadag’i’ so’zlerden, yag’ni’y predmettin’ ma’ha’llik yemes statikali’q belgisin an’latatug’i’n kelbetliklerden, sonday-aq atli’qlardan feyilge ta’n grammatikali’q belgileri ha’m specifikali’q qa’siyeti arqali’ ayi’ri’adi’. Wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ –g’an/-gen formasi’nin’ bunday feyillik belgileri to’mendegilerden ibarat: Birinshiden, wol jan’a semantikali’q kategoriyani’ do’retpeydi, al kerisinshe, feyil semantikasi’n saqlaydi’. Yekinshiden, da’reje ma’nisine iye. U’shinshiden, tu’r ma’nisin saqlaydi’. To’rtinshiden, ma’ha’l ha’m meyil ma’nilerine iye. Besinshiden, wol feyil so’zlerdey-aq atli’qti’n’ belgili bir seplik formalari’n basqaradi’. Bizge belgili ha’r qanday feyil so’z qaraqalpaq tilinde wo’zinin’ boli’mli’ ha’m boli’msi’z formalari’na iye. Sonday-aq ha’rekettin’ boli’w yamasa bolmaw mu’mkinshiliklerin ko’rsetetug’i’n formalar da bar. Wolar feyildin’ basqa so’z wo’zgertiwshi formalari’ menen sali’sti’ri’li’p qarag’anda ju’da’ ken’ qollani’latug’i’n formalari’nan ibarat. Mine usi’ jag’i’nan da bul kelbetlik feyil feyil menen wog’ada ti’g’i’z baylani’sli’. Sebebi wol feyillik semantikani’ saqlawshi’ barli’q feyil formalari’na xarakterli –ma/-me (-ba/-be, -pa/-pe) affikslerinin’ ja’rdemi menen boli’msi’z formani’ jasaydi’.

Yeger atributivlik qatnastag'i' so'z dizbeginin' ani'qlani'wshi' atli'q so'zi qi'sqari'p, woni'n' predmetlik ma'nisi ani'qlawi'sh wazi'ypasi'ndag'i' so'zge yemes, kelbetlik feyil substantivlesedi.

Qi'sqarg'an atawi'sh so'zlerdegi grammatikali'q formalar – seplik, ko'plik, tarti'm affiksleri substantivlengen kelbetlik feyilge qosi'ladi' ha'm sol grammatikali'q ma'nisine sa'ykae sintaksislik funksiyalardi' atqaradi': At aldi'nda ko'rgenler woni' gu'nali' deydi, ko'rmegenler inanbaydi' (S.Xojaniyazov). Xat bilgenin'iz qol qoyi'n', bilmegenin'iz barmaq bassan'i'z da boladi' (S.Xojaniyazov).

Keltirilgen ga'plerdegi asti' si'zi'lg'an kelbetlik feyiller atli'q worni'na qollani'li'p, predmetlik ma'ni bildiredi. Sintaksislik funksiyalari' da ati'q so'zler si'yaqli' sol seplik, ko'plik, tarti'm affiksli kelbetlik feyillerdin' funksiyalari'n atqaradi'.

## II bap. Ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyil formalari’ni’n’ morfologiyaliq wo’zgeshelikleri

II.1. –i’wshi’/-iwshi formali’ kelbetlik feyiller.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyillerdin’ sintaksislik ha’m analitikali’q formalari’ bar:

1) Sintaksislik formadag’i’ ha’zirgi ma’ha’l kelbetliik feyilleri feyil tiykari’nan kelbetlik feyildin’ –(i’/i) wshi’/wshi, (i’/i) wli’/wli affikslerinin’ jalg’ani’wi’ arqali’ jasaladi’: ali’wshi’, beriwshi, ti’n’lawshi’, barlawshi’, keliwshi, ketiwshi, jazi’wshi’, islewshi, baylawli’, qaplawli’, ildiriwli, kesiwli ha’m t.b.

2) Analitikali’q formadag’i’ ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyilleri –i’p/-ip/-p, -a/-ye/-y formali’ hal feyillerge –g’an/-gen formali’ tur, ju’r, wotir, jatir (ati’r) ko’mekshi feyillerinin’ dizbeklesiwi arqali’ jasaladi’: islep ati’rg’an, so’ylep turg’an, kelip ju’rgen, uyi’qlap jati’rg’an, woqi’p ati’rg’an, jazi’p woti’rg’an, ali’p kiyati’rg’an, wo’tip barati’rg’an ha’m t.b.

Ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ bul formasi’ tiykari’nan, atli’q so’zlerdin’ aldi’nda kelip, predmetti is-ha’reket arqali’ si’patlaydi’. Mi’sallar: Jazi’qsi’zg’a ja’bir beriwshi puharani’n’ ja’lladlari’ (S.Xojaniyazov). Sen men ju’retug’i’n jollarg’a nur to’giwshi lamposhkalardi’ si’ndi’ri’wg’a uri’ng’ani’n’ menen wo’z su’rdewim bar. Ji’ynalg’anlar arasi’nan Qudaybargendi da maqullawshi’ sipsin’larg’a qosi’msha arti’raqtan yerkin “duri’s, duri’s!” –degen dawi’slar yesitildi (T.Qayi’pbergenov).

Ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ –i’wshi’/-iwshi formasi’ni’n’ substantivlesiwi basqa formalari’na qarag’anda aktiv. Bul forma substantivlesip kelgende, atli’q so’zler si’yaqli’ ko’plik, seplik, tarti’m

affikslerin qabi’l yetedi ha’m baslawi’sh, toli’qlawi’sh xi’zmetlerin atqaradi’. Mi’sallar: Qumni’n’ u’stinde jolawshi’lar irkilip, yebin-jori’q ju’rek jalg’ap aldi’. Baqlawshi’ aylani’p kelgende, ku’n yen’keyip barati’r yedi (S.Xojaniyazov).

Kelbetlik feyildin’ –i’wshi’/-iwshi formali’ tu’rkerinin’ ko’pshiligi derlik wo’zinin’ da’slepki feyil ma’nisin toli’q joyti’p, leksikalasi’w arqali’ atliq so’z topari’na wo’tken: woqi’wshi’, woqi’ti’wshi’, sati’wshi’, tigiwshi, shaqi’rti’wshi’, jazi’wshi’, jolawshi’, baqlawshi’, saylawshi’, qazi’wshi’, qabi’llawshi’ ha’m t.b.

–i’wshi’/-iwshi formasi’ qa’legen feyil tiykari’nan jasala aladi’. –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil ani’qlawi’sh xi’zmetinde turi’p, tiykari’nan alg’anda turaqli’ tu’rde wori’nlani’wshi’ ha’reket belgini an’latadi’[1]. Mi’sallar: Bolg’an islerdi g’arri’g’a bildirmewdi tuwdi’ri’wshi’ hayalladan wo’tindi (J.Aymurzaev). A’lbette, woni’ yermek yetiwshi adamlardan yemespen (Qq.x.ye).

–i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil kelbetlik formalari’ni’n’ basqa tu’rlerine qusap feyildin’ geypara grammatikali’q kategoriyalari’na iye boli’p keledi. Bul na’rse ha’zirgi qaraqalpaq tilinde bul formani’ kelbetlik feyil formalari’nin’ biri si’pati’nda tani’wg’a derek beredi. Bunday –i’wshi’ formani’ kelbetlik feyilde feyil belgilerinen mi’na to’mendegiler yesaplanadi’: 1) Wol feyillik semantikasi’n saqlaydi’, 2) Feyillik da’reje ha’m tu’r ma’nilerine iye (yag’niy wol da’reje ha’m tu’r formalari’ni’n’ tiykarlari’nan jasala aladi’) 3) Ha’zirgi ma’ha’l ma’nisine iye 4) Atawi’sh so’zdin’ tirkewish formasi’n yamasa seplik formasi’n basqari’w uqi’pli’li’g’i’na iye t.b.

---

[1] Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, Нөкис, 1964, 141-б.

–i’wshi’ formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an do’rendi formalar. Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde feyil sistemasi’nan bo’leklenip, belgili bir ka’sip iyesin an’lati’wshi’ ma’nige iye feyilden jasalg’an atli’qlar qurami’na awi’si’p ketken geypara –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyiller bar. Bunday formalar feyillik semantikani’ an’latpaydi’ ha’m belgili bir so’zler topari’n g’ana quraydi’. Mi’sali’: woqi’wshi’, woqi’ti’wshi’, jazi’wshi’, saylawshi’, izertlewshi, basqari’wshi’ ha’m.t.b

Mi’na na’rseni de ayti’p wo’tiw kerek: feyil sistemasi’nan bo’leklenip, ha’reket iyesinin’ ati’ ma’nisindegi feyilden jasalg’an atli’q si’pati’nda qollani’wshi’ –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyilden turatug’i’n bul do’rendi formalar geypara waqi’tlari’ kontekstte ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyili xi’zmetinde qollani’wi’ da mu’mkin. Bul a’sirese usi’ formalar ani’qlawi’sh xi’zmetin atqarg’anda iske asadi’. Bunday qubi’li’s –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ ka’sip iyesin an’lati’wshi’ feyilden jasalg’an atawi’sh so’zlerden ha’lsiz differenciyag’a iye yekenligin ko’rsetedi.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde –i’wshi’ formali’ ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyili atawi’sh so’zlerdin’ –lar/-ler ko’plik affiksleri ha’m seplik affiksleri menen jiyi qollani’ladi’. Al –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ so’z wo’zgertiwshi basqa formalar menen qollani’li’wi’na kelsek, wonda wolardi’n’ bunday affiksler menen tuwri’dan-tuwri’ kelmeytug’i’ni’n ko’remiz. Bul jerde atqaratug’I’n xi’zmetine qaray basqa so’z wo’zgertiwshi affiksler menen tuwri’dan-tuwri’ qollani’la alatug’i’n ha’m sol affiks ja’rdemi menen jasalatug’i’n ha’rekettin’ iyesi ma’nisin an’lati’wshi’ feyilden bolg’an atli’qlardan –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyildi aji’rati’w kerek.

Ko’plik san affiksleri menen qollani’latug’i’n –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil. –lar ko’plik affiksine iye –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil ha’reket iyesinin’ belgili bir topari’ haqqi’ndag’i’ tu’sinikti an’latadi’.

Bunday jag’dayda –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil substantivlesedi, yag’ni’y –i’wshi’ formasi’ arqali’ an’lati’latug’i’n ha’reket-belgi ha’reket iyesinin’ wo’zinin’ atamasi’ boli’p keledi. Basqasha aytqanda, bunday jag’dayda –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an ha’reketke qarag’anda aktiv ha’reket yetiwshi bet boli’p yesaplanatug’i’n ani’qlani’wshi’ ani’qlawi’sh kelbetlik feyil menen almasadi’. Mi’sallar: Bulka’rada tan’ sah’a’rden tura qoyi’wshi’lar joq yedi g’oy (N.Da’wqaraev). Tu’ngi smenada islewshiler metrog’a kerek jerdi ko’p qazsa kerek.

Seplik affiksli –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil. –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil substantivlik formalardi’ talap yetiwshi ga’p ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin atqarg’anda qandayda bolmasi’n bir seplik affiksin qabi’l yetedi.

Seplik affiksli –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil barli’q jag’dayda ha’reket iyesinin’ ati’n bildiredi yag’ni’y substantivlesedi.

Seplik affiksleri tuwri’dan-tuwri’ –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ tiykari’na jalg’ani’wi’ mu’mkin yamasa seplik affiksinin’ aldi’na –lar/-ler ko’plik affiksi keliwi mu’mkin. Mi’sallar: Yegiwshi de ji’ynawshi’ da wo’zimiz. Qorg’anda turi’wshi’lardi’n’ barli’g’i’ da sol jerge ji’ynali’p qalg’an yeken (N.Da’wqaraev). Men siz siyaqli’ jamanli’q islewshilerdi wo’n’di’rmayman. –Senin’ xi’zmetin’ ne? – dep suw urtlawshi’dan bala soraydi’ (Qq.x.ye.). Bul xabardi’ tarati’wshi’da hesh ayi’p joq, wo’zin’de ba’le bar shi’g’ar (Qq.x.ye.).

–i’wshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ betleniwi. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi –i’wshi’ formali’ kelbetlik feyil bayanlawi’sh xi’zmetinde turi’p (baylani’sti’ri’wshi’ elementsiz), betlik (bayanlawi’shli’q) affikslerin

qabi'l yetpeydi, al barli'q betlerde wo'zinin' da'slepki formasi'nda turadi'. Wonda bet ha'm san subekt xi'zmetin atqari'wshi' betlew almasi'g'i' ta'repinen ani'qlanadi'. Uli'wma aytqanda bul formadag'i' kelbetlik feyil bayanlawi'sh xi'zmetinde tiykari'nan alg'anda u'shinshi bette qollani'ladi'. U'shinshi bet ushi'n ayri'qsha bet ha'm san ko'rsetkishi za'ru'rli yemes. Mi'sali': Axmet ayti'wshi' menen ti'n'lawshi'. Ha'zirgi a'debiy tilde –i'wshi' formali' kelbetlik feyilinin' betlik affiksi menen keliwi ushraspaydi' (bug'an ha'reket iyesinin' ati' ma'nisindegi feyilden jasalg'an atli'q kirmeydi).

Al so'ylew tilinde bolsa bul kelbetlik feyil yeki sanni'n' da birinshi ha'm yekinshi betlerinde bayanlawi'sh poziciyasi'nda turi'p, geyde betlik affiksleri menen qollani'ladi'. Solay da bul qollani'w a'debiy tildegi qollani'wi'na qarag'anda yekinshi da'rejeli boli'p qala beredi.

II.2. –i'wli'/-iwli formali' kelbetlik feyiller.

Ha'zirgi ma'ha'l kelbetlik feyilinin' bul formasi' is-ha'rekettin' statikali'q ma'nidegi ha'zirgi ma'ha'lge qatnasli' yekenligin bildiredi. Ma'selen, at qazi'qta baylawli'. Shege diywalda qag'i'wli'. Qamshi' keregede ildiriwli yamasa baylawli', at, qag'i'wli' shege, ildiriwli qamshi' degen yeki jag'dayda da –i'wli'/-iwli formali' kelbetlik feyillerdin' is-ha'reket processi ha'zirgi ma'ha'lge qatnasli'li'qti' bildiredi. Yeger –i'wli'/-iwli formali' kelbetlik feyil tur ko'mekshi feyili menen dizbeklesip kelse, sol feyildin' ha'zirgi ma'ha'lge qatnasli'li'g'i' konkretlesedi: baylawli' tur, iliwli tur, qi'sti'ri'wli' tur t.b: Jumagu'l Seytovani'n' ati'na kelgen telegramma yele woni'n' u'y arxivinde saqlawli' tur (Q.Yerniyazov). Bul feyildin' wo'tken ma'ha'lge qatnasli'li'g'i' yedi toli'qsi'z feyili menen dizbeklesiwi arqali' bildiriledi: baylawli' yedi, qag'iwli yedi, ildiriwli yedi, jiynawli yedi t.b

–i’wli’ formali’ kelbetlik feyil wo’zinin’ ma’nisi jag’i’nan birew ta’repinen buri’n islenip, ha’zir hal-belgige aylani’p ketken ha’reketti an’latadi’. Mi’sali’: Yekinshi o’jirenin’ ta’repinen wo’tip barsaq, wonda baylawli’ yeki at turi’pti’ (Qq.x.ye).

Bazi’birewlerdin’ qoli’nda

Qundaqlawli’ balasi’ (Jiyen ji’raw)

Kelbetlik feyildin’ –i’wli’/-iwli formasi’ tilde aktiv qollani’lmaydi’. Bul forma subatantivlesiw qa’siyetine iye yemes. Sonli’qtan wol atli’q so’zler si’yaqli’ seplik, tarti’m, ko’plik ha’m betlik affiksleri menen wo’zgermeydi. Wol sintaksislik funksiyasi’ jag’i’nan ani’qlawi’sh ha’m bayanlawi’sh xi’zmetlerin atqaradi’. Mi’sali’: Bu’ginleri ku’ndegidey u’y si’rti’nda din’kildep woynap ju’retug’i’n qozi’-i’laq, gu’wek baylawli’ qazi’qlar, qi’spali’ qoralar joq (Wo’.Xojaniyazov). Qoshqarbay ildiriwli qamshi’si’n ala sala u’yden atli’g’I’p shi’qti’ (S.Xojaniyazov).

Geypara –i’wli’/-iwli formali’ kelbetlik feyiller feyil sistemasi’nan bo’linip shi’g’I’p, feyilden jasalg’an kelbetlikler qurami’na awi’si’p ketken. Bunday formalardi’n’ –i’wli’ formali’ kelbetlik feyillerden ayi’rmashi’li’g’i’ sonda, wolar feyillik semantikani’ ha’m ma’ha’llik ma’nilerdi bildirmeydi, al tek g’ana feyilden jasalg’an kelbetlikler xi’zmetinde g’ana qollani’ladi. Mi’sali’: Arnawli’: arnawli si’rtqi’ bo’lim; yemiziwli: yemiziwli hayal; qi’stawli’: qi’stawli’ medicinali’q ja’rdem; tan’lawli’: tan’lawli’ shi’g’armalar t.b.

II.3. –i’p/-ip/-p, -a, -ye, -y + turg’an, ju’rgen, woti’rg’an (ati’rg’an) formali’ kelbetlik feyiller.

Ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ ha’r qanday ma’nisi qospa feyillerden jasalg’an kelbetlik feyillerde ayqi’n ko’rinedi. Bunday qospa feyillerde tiykarg’i’ ma’ni bildiretug’i’n feyil hal feyil formasi’nda turadi’ (–

i'p/-ip/-p, -a, -ye, -y formalari'nda). Al feyildin' tu'rli tu'r ma'nilerin bildiretug'i'n ko'mekshi feyil wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyilinin' affiksi menen qollani'ladi'. Yendi biz qospa feyilleden jasalg'an ha'zirgi ma'ha'l kelbetlik feyilinin' tu'r ma'nilerin an'lati'wi'na toqtap wo'temiz:

-g'an/-gen formali' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili –i'p/-ip/-p yamasa -a, -ye, -y formasi'ndag'i' tiykarg'i' hal feyilden ha'm tur, ju'r, woti'r, jati'r si'yaqli' ko'mekshi feyillerden turatug'i'n qospa feyillerden jasaladi'. Bunday dizbeklerde -g'an/-gen formali' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili wo'zinin' wo'tken ma'ha'l ma'nisin joytadi' da, ha'rekettin' buri'n baslanga'nli'g'i'n ha'm woni'n' turaqli' tu'rde dawamli' yekenligin bildirip keletug'i'n ha'zirgi ma'ha'l ma'nisin an'lati'p turadi'. Bul jerde wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyilinin' ma'ha'llik ma'ni ottenogi qospa feyilden jasalg'an –g'an/-gen formali' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyilinin' tu'r ma'nilerine baylani'sli' yekenligi ko'rinedi. Bul qubi'li's, yag'ni'y feyil tu'ri menen ma'ha'l formasi'ni'n' semantikasi' arasi'ndag'i' ayri'lmasli'q, sonday-aq tu'r kategoriyasi'ni'n' ma'ha'l kategoriyasi'na qarag'anda a'yyemgi zamanlardan berli bar yekenligi, geypara ma'ha'l formalari'ni'n' tu'r kategoriyalari'nan kelip shi'qqanli'g'i'n ayri'qsha atap wo'tiw wori'nli'. Mi'sallar: Ali'stag'i' dushpannan, an'li'p ju'rgen dos jaman (Qq.x.n-m.). Sol qalani' sorap woti'rg'an bir bay bar yedi (Qq.x.ye.).

Tiykarg'i' feyil hal feyil formasi'nda, al ko'mekshi feyili "basla" bolg'an ha'rekettin' baslamasi'n bildiretug'i'n qospa feyillerden[1]. Bunda ha'reketti boldi'ri'w tuwrali' talaplani'wshi'li'q ma'ni ottenogi an'lasi'ladi': Azatli'qti'n' mazasi'n bir tati'p ko'rgen adam woni' hesh waqi'tta da umi'tpaydi' (Wo'.Xojaniyazov).

---

[1] Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, Нөкис, 1964, 29-б.

Tiykarg'i' feyili –i'p/-ip/-p ha'm -a, -ye, -y formali' hal feyil menen "ber" ko'mekshi feyilinen turatug'i'n subekt ta'repinen basqa birew ushi'n islengen ha'reketti, sonday-aq ha'rekettin' rawajlani'wi' menen dawamli'li'g'i'n bildiretug'i'n qospa feyillerden. Mi'sali': G'arri'lar gazeta woqi'p bergen jigitke ko'p raxmet aytti' (J.Seytnazarov).

–i'p/-ip/-p, -a, -ye, -y formali' tiykarg'i' hal feyil menen "ket" ko'mekshi feyilinen turatug'i'n qospa feyillerden. Bunday feyillerde ha'rekettin' tez, birden bolatug'i'nli'g'i', sonday-aq ha'rekettin' bag'dari', ha'rekettin' so'ylep turg'an waqi'ttan baslap dawamlanatug'i'n ma'nisi an'lasi'li'p turadi'. Mi'sali': Ushi'p ketken qus duzaqqa tu'sip qaldi' (Qq.x.ye.).

Hal feyil formasi'ndag'i' tiykarg'i' feyil menen "jiber" ko'mekshi feyilinen turatug'i'n qospa feyillerden. Bunda tez, ku'tilmegen jerden ha'rekettin' wori'nlanatug'i'nli'g'i' bildiriledi. Mi'sali': Wo'zim ta'wir-aq mergenmen, wonsha go'zlemey ati'p jibergen wag'i'mda "qami's" suwg'a jalp yetip tu'sti (Qq.x.ye).

–i'p/-ip/-p formali' hal feyil menen "al" ko'mekshi feyilinen turatug'i'n qospa feyillerden. Bunda subekttin' paydasi'na qarati'lg'an ha'reket bildiriledi. Yegerde –g'an/-gen formali' kelbetlik feyil -a, -ye, -y formali' tiykarg'i' hal feyil menen "al" ko'mekshi feyilinen jasalsa, wonda mu'mkinshilik ma'nisi payda boladi'. Mi'sali': Bir bayag'i' birinshi taqi'yani' sati'p alg'an sawdager dus keledi (Qq.x.ye.).

Ha'zirgi ma'ha'l kelbetlik feyillerdin'–i'p/-ip/-p: turg'an, jati'rg'an t.b. analitikali'q formasi' predmettin' ha'zirgi waqi'tqa qatnasli' ha'reketlik belgisin si'patlaydi': Wog'an A'miw jag'alari'ndag'i' ji'n'g'il, toran'g'i'llardi'n' mayday shaqalari'nin' shi'ri'ldi'si' da, ag'i'p turg'a'n suwdi'n' sildi'rli'si' da yesitilmeydi. Qi'zi'lqumni'n' sheksiz ken'liginde

tu’yedey sho’gip, wo’rkeshlenip jati’rg’an biyik to’beler ali’stan tolqi’nlang’an ten’izdey buldi’rap ko’rinedi.

Analitikali’q formadag’i’ ha’zirgi ma’ha’l feyilleri de –g’an/-gen formali’ wo’tken ma’ha’l feyilleri si’yaqli’ ko’plik, seplik ha’m tarti’m affikslerin qabi’l yetedi. Biraq ha’zirgi ma’ha’ldin’ bul formalari’ni’n’ substantivlesiwi wo’tken ma’ha’l formalari’na qarag’anda tilde kem ushrasadi’. Woni’n’ usi’ atawi’ jatar padani’ bag’i’p ati’rg’ani’na ko’p ji’l boldi’. Yekewi dw balasi’ni’n’ uyi’qlamay, so’z ti’n’lap jati’rg’ani’n sezbegen yedi. Awi’lda qalg’an jeke-jari’m u’ylerden ku’nde talani’p ati’rg’anlar da azi’mshi’q yemes (S.Xojaniyazov).

## III bap. Keler ma'ha'l kelbetlik feyil formalari'ni'n' morfologiyali'q wo'zgeshelikleri

### III.1. –ar/-yer/-r (-mas/-mes) formali' kelbetlik feyiller.

Kelbetlik feyildin' –ar/-yer/-r affiksi boli'mli', -mas/-mes affiksi boli'msi'z formadag'i' keler ma'ha'l kelbetlik feyillerin jasaydi': barar – barmas, keler – kelmes, aytar, aytpas, woqi'r, woqi'mas, ko'rer, ko'rmes t.b.

Ha'zirgi tu'rkiy tillerinde –ar formali' kelbetlik feyil keler ma'ha'l yamasa ha'zirgi keler ma'ha'l ma'ni'sindegi wo'nimli kelbetlik feyil formalari'ni'n' biri boli'p yesaplanadi'. Soni'n' menen birge wol tu'rkiy tillerindegi kelbetlik feyil formalari'ni'n' yen' a'yyemgi tu'rlerinen yesaplanadi'. Bug'an woni'n' yeski tu'rkiy jazba yesteliklerinde ha'zirgi keler ma'ha'l kelbetlik feyilinin' ma'nisinde qollani'li'wi' mi'sal bola aladi'.

Bul forma Orxon-Enisey jazba yesteliklerinde sol waqi'tta jiyi qollani'li'wshi' wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyil formalari' boli'p yesaplanatug'i'n "mi'sh" ha'm "du'k" formalari' menen bir qatar ha'zirgi wo'tken ma'ha'l kelbetlik feyili si'pati'nda qollani'lg'an[1].

Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde –ar/-yer/-r formasi' wo'nimli kelbetlik feyildin' qatari'na kiresi ha'm keler ma'ha'l kelbetlik feyilin payda yetedi. Keler ma'ha'l kelbetlik feyilinin' boli'mli' formasi' feyildin' tiykari'na –p (dawi'sli'g'a pitken tiykardan keyin) ha'm –ar/yer (dawi'ssi'zg'a pitken tiykardan keyin) affikslerinin' jalg'ani'wi' arqali' jasaladi'.

Keler ma'ha'l kelbetlik feyilin jasaytug'i'n bul affikslerdin' –ar tu'ri til arti' dawi'sli'si'nan turatug'i'n feyil tiykari'na jalg'anadi' da, -yer tu'ri til aldi' dawi'sli'si'nan turatug'i'n feyil tiykari' menen qollani'aldi'. Al –r tu'ri

---

[1] Малов С.Е. Памятники древнетюркской писменности, М-Л.,1951. стр. 29.

bolsa, tek g’ana dawi’sli’ seske tamamlanatug’i’n feyil tiykari’ni’n’ keynine jalg’anadi’. Mi’sallar: Tuwar aylari’ jaqi’nlaydi’ (QQ.x.ye.). Ko’sher ka’rwan keter, go’ne jurt qalar (A.Begimov).

Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ –ar (mas) formasi’ betlik affiksli ha’m betlik affikssiz qollani’li’p, boljawli’ ma’ni bildiredi. Bunday jag’dayda tiykari’nan bayanlawi’sh xizmetin atqaradi’. Mi’sallar: Qi’zi’n’ menen so’ylesiwge bati’li’ barg’an adam bir ku’n du’nyag’a iyelik yetip shi’g’a keler. Nesip bolsa ko’risermiz. Anajani’m qami’qpa, tiri bolsam qayti’p kelermen (S.Xojaniyazov). –Yelin’e barsaq suwsi’n ishermiz be? –Qazaqta suwsi’n berrmeytug’i’n u’y bolmaydi’, ishersiz (T.Qayi’pbergenov).

Kelbetlik feyildin’ –ar (mas) formasi’ ati’q so’zdin’ aldi’nda kelip sol predmetti is-ha’reket arqali’ si’patlap, atributivlik xi’zmet atqaradi’. Bul formani’n’ atributivlik funkciyada qollani’li’wi’ kelbetlik feyildin’ –g’an formasi’na sali’sti’rg’anda wonsha wo’nimli yemes: Wo’teshtin’ so’zine de, wo’zine de itibar berer adam joq. Woni’n’ usi’ atawda jatar padani’ bag’i’p ati’rg’ani’na ko’p waqi’t boldi’. Joqari’da qol jetpes jerde san’laq bar (S.Xojaniyazov). Jan’i’lmas jaq bolmas, su’rinbes tuyaq bolmas (Qq.x.n-m.). Woni’n’ buri’lg’ani’ da sol, yesitiler-yesitilmes dawi’s shi’qti’ (S.Qanayev).

Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ –ar (mas) formasi’ni’n’ ko’plik, seplik ha’m tarti’m affikslerin qabi’l yetip, substantivlesiwi qaraqalpaq tilinin’ ha’zirgi a’debiy tili ushi’n ni’zamli’ qubi’li’s yemes. Bul formani’n’ seplik, tarti’m affikslerin qabi’llap, substantivlesiwi siyrek jag’dayda naqi’l-maqallarda ha’m klassik shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’nda ushrasadi’. Mi’sali’: <u>Ko’rmes</u> – tu’yeni de ko’rmes. <u>Woylanbasti’n’</u> tu’bi woyran. <u>Ko’sherimdi</u> jel bilsin, qonari’mdi’ say bilsin (Qq.x.n-m.). Aman <u>quti’lari’m</u> boldi’lar gu’man (Ku’nxoja).

–ar (mas) formali’ kelbetlik feyildin’ leksikalizaciyalani’p (feyillik ma’nisinen pu’tkilley aji’rali’p), atawi’sh so’zlerge aylang’an: ashar, qashar, qaysar, janar, betashar, besatar, yelgezer, ayg’abag’ar, sho’lquwar, qanisher, wori’nbasar, ku’nbatar, ku’nshi’ga’r, atqaminer t.b.

Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’msi’z formasi’ –mas/-mes affiksinin’ ja’rdemi menen jasaladi’. Bul affiks –ma/-me boli’msi’zli’q affiksi menen –s affiksinin’ qosi’ndi’si’nan jasalg’an. –s affiksi –r di’n’ –s g’a fonetikali’q awi’si’wi’nan payda bolg’an. Bul awi’si’w –z arqali’ do’regen (p>z>s).

Bul –z/-s almasi’wi’ a’yyemgi tu’rkiy jazba yestelikleri ushi’n g’ana ta’n, al wol ha’zirgi qaraqalpaq tilinde hesh qanday ko’zge tu’speydi. Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’msi’z formasi’ni’n’ jasali’wi’nda qa’legen feyil tiykari’ni’n’ boli’msi’z formasi’ni’n’ aqi’ri’nda –s affiksi qollani’aldi’. Mi’sali’: Jan’i’lmas jaq bolmas, su’rinbes tuyaq bolmas (Qq.x.n-m.). Ko’rmes ko’zim ga’whar boldi’ (D.Qasi’mov).

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde –ar formasi’ keler ma’ha’l kelbetlik feyili ani’qlawi’sh xi’zmetinde siyrek ushi’rasadi’. Wol tiykari’nan alg’anda ga’ptin’ bayanlawi’shi xi’zmetinde keledi ha’m xali’q naqi’l-maqallari’nda ken’nen qollani’ladi’.

“Ar” feyili ma’nisi jag’i’nan tiykari’nan alg’anda kelesi waqi’tta bolatug’i’n ha’reket-belgini yamasa kelesi waqi’tta boli’wg’a uqi’pli’ ha’reket-belgini an’latadi’. Mi’sali: Jaqsi’, men keteyin, aytar ga’pin’ bolsa son’i’nan aytarsan’ (A.Begimov). Barar jerimiz, batar ko’limiz joq (N.Da’wqaraev).

Soni’n’ menen birge –ar formali’ kelbetlik feyil a’dettegi ha’rekettin’ ma’nisin bildiredi. Bunday ma’nide wol xali’q naqi’l-maqallari’nda ju’da’ jiyi qollani’ladi’. Mi’sali’:

Qoyandi’ qami’s wo’ltirer,

Yerdi nami’z wo’ltirer (Qq.x.n-m.).

Atar jaqqa ju’rsen’ de,

Batar ku’nge ju’rme (Qq.x.n-m.).

–ar formali’ kelbetlik feyil pradmetke ta’n ha’reket- belgini de an’latadi’. Mi’sali’:

Ushar g’azi’, u’yregi bolmasa,

Qurg’aq sho’l atanbaydi’ ko’l (J.Aymurzaev).

Jaqsi’li’qti’ u’mit qi’l,

Ku’ler ju’zli adamnan (Qq.x.n-m.).

–ar formasi’ keler ma’ha’l kelbetlik feyili feyildin’ funksionalli’q do’rendi formalari’ni’n’ biri si’pati’nda feyil tiykari’ni’n’ qa’legen tu’rinen (tiykarg’i’ ha’m do’rendi) jasala aladi’. Usi’g’an baylani’sli’ wol sol kelbetlik feyil jasag’an feyil tiykari’na ta’n barli’q qa’siyetlerge iye bola aladi’. Ani’g’i’raq aytqanda, –ar affiksli kelbetlik feyil feyildin’ tiykarg’i’, do’rendi ha’m qospa tu’birinen, sonday-aq feyil da’rejelerinen ha’m tu’rlerinen jasala beredi, sol feyil tu’birlerine ta’n bolg’an grammatikali’q belgilerge iye bola aladi’. Mi’sali:

Ustali’ yel du’zeler,

Mollali’ yel buzi’lar (Qq.x.n-m.).

Jolg’a ju’rgen do’n’ asar,

So’z benen so’z talasar. (Qq.x.n-m.).

Sen mag’an nan-suw a’kelip turarsan’ (Qq.x.ye.).

–ar/-yer/-r  formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an feyildin’ do’rendi formalari’. –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen affiksler ja’rdemi menen yamasa so’z qosi’w joli’ menen feyildin’ geypara do’rendi formalari’ payda boladi’.

a) Affiksaciya joli’ menen:

1) –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen substantivlestiriwshi li’q/-lik affiksinin’ ja’rdeminde yekinshi da’rejeli –arli’q/-yerlik, -rli’q/-rlik formali’ keler ma’ha’l atawi’sh feyili jasaladi’. Wol sol affikstin’ ja’rdemi menen jasalatug’i’n feyilden jasalg’an kelbetlik feyildin’ bo’leklengen formalari’nan ju’da’ az tu’rde aji’rati’ladi’.

Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde yekinshi da’rejeli keler ma’ha’l atawi’sh feyili tiykari’nan alg’anda –mas/-mes formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’msi’z formasi’nan usi’ li’q/-lik affiksinin’ qosi’li’wi’ ja’rdeminde jasaladi’.

–arli’q/-masli’q formali’ yekinshi da’rejeli atawi’sh feyil o’zleri jasalg’an kelbetlik feyilge ta’n barli’q feyil qa’siyetlerine iye.

Usi’ –ar/-mas formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen jasalg’an atawi’sh feyildin’ yekinshi da’rejeli formalari’ni’n’ ishinde yen’ aktiv qollani’latug’i’n forma - -masli’q formasi’ boli’p yesaplanadi’. Mi’sallar: Ba’lki, bosanarli’q waqti’n’i’z jetti (A’.Shamuratov). Bejererlik ko’p jumi’s bar (A’.Shamuratov).

Wo’lmeslikke ashli’qtan,

Wozaldan g’ami’n jep yedik (Jiyen ji’raw).

2. -mas formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’msi’z formasi’nan shi’g’i’s seplik affiksli –tan/-ten ja’rdemi menen si’n, waqi’t pi’si’qlawi’shi’ payda bolatug’i’n yekinshi da’rejeli forma jasaladi’. –mastan/-mesten formasi’ tirkewishler menen de qollani’li’wi’ mu’mkin. Bul woni’n’ feyillik-atawi’shli’q shi’g’I’sqa iye yekenliginen Derek beredi. Mi’sali’:

Irkilmesten juwap berin’ qi’ri’q qi’zi’m (Qi’ri’q qi’z).

Qa’ste bolmastan buri’n den sawli’qti’n’ qa’dirin bil (Qq.x.n-m.).

b) So’z qosi’li’w arqali’

1) –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ boli’mli’ formasi’ni’n’ sol kelbetlik feyildin’ boli’msi’z formasi’ menen birigiwi na’tiyjesinde feyildin’ do’rendi formasi’ jasaladi’. Feyildin’ bul do’rendi formasi’ ha’reketti intensivliliginin’ pa’seygen da’rejesin yaki belgisizligin, kelesi waqi’tlarda sol ha’rekettin’ boli’wi’-bolmawi’ haqqi’ndag’i’ gumanli’li’qti’ an’lati’p keledi. Mi’sali’: Wol yesitiler-yesitilmes dawi’s penen si’bi’rladi’. Paravozdi’ men woni’n’ biliner-bilinbes ushqi’ni’nan an’ladi’m (N.Da’wqaraev). Menin’ woqi’wg’a barar-barmasi’m gu’man.

2) –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ dizbeklesiwinen ha’rekettin’ ku’sheygen yamasa ko’p ret qaytalani’wi’n, dawamli’li’g’i’n ko’rsetetug’i’n ma’nidegi feyildin’ do’rendi formasi’ da jasaladi’. Mi’sali’: Aldar ko’se: - “Sizlerdin’ aq at, ko’k at minip barti’rg’ani’n’i’zdi’ ko’rip, keler-keler dep ku’ttim, yendi kelmes dep palawdi’ jep qoydi’m” –deydi (Qq.x.ye.). Iyt u’rer ka’rwan ko’sher, u’rer-u’rer u’ni wo’sher.

–ar/-yer/-r formali’ kelbetlik feyilden basqa so’z shaqaplari’ni’n’ do’rendi formalari’ni’n’ jasali’wi’.

a) Bo’leklengen kelbetlik feyil tiykarlari’

1) Ha’zirgi qaraqalpaq tilinde shi’g’i’si’ jag’i’nan –ar formali’ kelbetlik feyilge jatatug’i’n, feyil sistemasi’nan bo’leklengen ha’reket iyesinin’ ati’n ha’m ha’rekettin’ qurali’n, ha’rekettin’ na’tiyjesi ma’nisin bildiretug’i’n feyilden jasalg’an atawi’sh so’zler saqlani’p kiyati’r. Mi’sali’: yeser, ashar, ko’sher, qashar, janar, qaysar, Taymas t.b.

2) Bo’leklengen –ar formali’ kelbetlik feyili formasi’na “shi’g’ar” modal so’zi de jatadi’. Bul modal so’zi formal tu’rde g’ana “shi’q” feyilinen jasalg’an keler ma’ha’l kelbetlik feyilin ko’rsetedi. Biraq, ha’zirgi qaraqalpaq tilinde wol “mu’mkin”, “itimal” modal so’zinin’ ma’nisinde

qollani’ladi’. Solay yetip, Bul modal so’z atawi’sh so’zlerden jaslg’an bayanlawi’shlar menen dizbeklesip, ha’rekettin’ wori’nlani’w mu’mkinshiligin, gu’manli’li’g’i’n yamasa boljawli’q ma’nisin bildiredi: Wol bu’gin kelgen shi’g’ar.

A’ken’ meni ulli’ toyg’a shaqi’ri’p,

Tan’baq shi’g’ar sen jamandi’ moyni’ma (Qi’ri’q qi’z).

3) Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ bo’leklengen formasi’na atawi’sh so’zler menen birge qollani’latug’i’n boli’msi’zli’q ma’nili “yemes” so’zi de jatadi’. Bul so’z ye ko’mekshi feyili + feyildin’ boli’msi’zli’q affiksi –s dan jasalg’an[1]. “yemes” so’zi tiykari’nan alg’anda atawi’sh so’zlerdin’ boli’msi’z formasi’n jasaw ushi’m xi’zmet yetedi. Soni’n’ menen birge wol feyillif formalarda boli’msi’zli’q xi’zmetinde de qollana beredi. Mi’sali’: (Men) Mug’allim yemespen. Jaydi’n’ ishi ju’da’ i’ssi’ yemes. (T.Na’jimov). Men bul kitapti’ woqi’g’an yemespen.

b) affiksaciya joli’ menen –ar/-yer/-r formali’ kelbetlik feyilden jasalg’an do’rendi formalar: 1) –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen –li’/-li, -li’q/-lik affikslerinin’ ja’rdemi menen geyde feyil sistemasi’nan bo’linip shi’qqan feyilden jasalg’an kelbetlik jasaladi’. Mi’sali’: hayran qalarli’q, jerkenerlik.

2) –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen joqli’q ma’nisin an’latatug’i’n affikstin’ ja’rdemi menen feyil sistemasi’nan bo’leklengen feyilden jasalg’an kelbetlik payda boladi’. Mi’sali’: qanaatlan-qanaatlanarsi’z.

3) “da” feyilinen jasalg’an –r formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen –li’q/-lik affiksinin’ ja’rdemi menen “derlik”, “ayti’wg’a boladi” degen

[1] Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, Нөкис, 1964, 94-б.

ma'nilerge iye ra'wish jasaladi'. Mi'sali': Bizdegi a'skerlerdin' ko'pshiligi derlik wo'z tilekleri menen a'skerge jan'adan qosi'lg'an jigitler yedi (M.Da'ribaev).

4) Ha'zirgi qaraqalpaq tilinde feyil sistemasi'nan bo'linip, rawishke awi'sqan –mastan/-mesten formali' feyil tu'ri de gezlesedi. Mi'sali': qaramastan, u'ndemesten t.b.

5) –ar formali' keler ma'ha'l kelbetlik feyilinen betlik affiksinen yamasa kelbetlik jasaw ushi'n xi'zmet yetetug'i'n parsi' tili affiksi "mand"tan kelip shi'qqan –man/-men affiksinin' ja'rdemi menen geyde feyilden jasali'p, birotala bo'leklengen atli'q yamasa kelbetlik feyildin' substantivlik formasi'nan ani'q tu'rde aji'rati'lmag'an atli'q so'zler jasaladi'. Mi'sali': shap-shabarman, qash-qasharman, al-alarman, sat-satarman.

v) So'z birigiw joli' menen –ar/-yer/-r formali' kelbetlik feyilden jasalg'an do'rendi formalar: 1) Subekt yamasa obekt boli'p yesaplanatug'i'n atli'qtan ha'm predikat boli'p yesaplanatug'i'n –ar formali' substantivlesken kelbetlik feyilden turatug'i'n sintaksislik dizbek arqali' feyilden jasalg'an atawi'shlar payda boladi'. Mi'sali': Ku'n batar, ku'n shi'g'ar, is jaqpas, atqa miner, gelle keser, bet ashar, wori'nbasar, Bo'ribasar, ayg'abag'ar, yelgezer t.b.

2) Ani'qlawi'sh boli'p yesaplanatug'i'n sanli'qtan ha'm –ar formali' substantivlesken kelbetlik feyilden turatug'i'n sintaksislik dizbek arqali' feyilden jasalg'an atawi'shlar payda boladi'. Mi'sali': besatar, alti'atar, wonbes jasar t.b.

3) Feyildin' hal feyillik formasi'nan ha'm –ar formali' substantivlesken kelbetlik feyilden turatug'i'n sintaksislik dizbek arqali' feyil sistemasi'nan

bo’linip shi’qqan feyilden jasalg’an atawi’shlar jasaladi’. Mi’sali’: ashjatar, jati’pisher.

4) Ani’qlawi’sh boli’p yesaplanatug’i’n –ar formali’ kelbetlik feyilden ha’m aniqlani’wshi’ xi’zmetin atqaratug’i’n atli’qtan turatug’i’n sintaksislik dizbek arqali’ ati’q so’zler jasaladi’. Mi’sali’: Janartaw, janarmay.

So’z wo’zgertiw. 1) Ko’plik affiksli –ar/-yer/-r formali’ kelbetlik feyil. –ar formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyili bayanlawi’sh xi’zmetinde qollani’li’p, u’shinshi bette geyde –lar/-ler ko’plik jalg’awi’n qabi’l yetedi. Bunday qubi’li’s tiykari’nan alg’anda poeziyali’q shi’g’armalarda ko’birek ko’zge tu’sedi ha’m jag’i’mli’li’q, wo’tkirlik ma’ni ottenoklari’n bildiredi. Mi’sallar:

Hesh waqi’tta zali’m qoli’nda bari’n,

Jaratpaslar bar bolsa da xali’q ushi’n (Berdaq).

Wo’zi ushi’n yeterler aqi’li’ kemler (Berdaq).

2) Tarti’m affiksli –ar/-yer/-r formali’ kelbetlik feyil. –ar formali’ kelbetlik feyil aniqlani’wshi’ so’z xi’zmetin atqari’p, belgili bir bettegi, sandag’i’ tarti’m affiksin qabi’l yetedi. Bunday jag’dayda tarti’m affiksli keler ma’ha’l kelbetlik feyili ha’rekettin’ atamasi’n, ha’rekettin’ na’tiyjesin yamasa geyde ha’reket iyesinin’ atamasi’n bildiredi. Mi’sali’: Aytari’m, aytari’n’, aytari’, aytari’mi’z, aytari’n’i’z, aytari’.

3) Seplik affiksli –ar/-yer/-r formali’ kelbetlik feyil. –ar formali’ kelbetlik feyil kelbetlik feyildin’ basqa formalari’ si’yaqli’, wo’zinin’ ga’ptegi xi’zmetine qaray seplik affikslerin qabi’l yetedi. Bunday jag’dayda –ar formali’ kelbetlik feyil ha’rekettin’ atamasi’n, ha’rekettin’ na’tiyjesin yamasa ha’reket iyesinin’ ati’n bildiredi yag’niy substantivlesedi. –ar formali’ kelbetlik feyil usi’ ma’nilerde feyilden jasalg’an atawi’sh so’zlerge

biraz jaqi’n kelgen menen, wolardan processlik semantikani’ ha’m mezgillik yamasa waqi’tli’q ma’nini bildiriwi menen aji’rali’p turadi’.

Seplik affiksleri –ar formali’ kelbetlik feyildin’ tiykari’na tikkeley jalg’ani’wi’ mu’mkin yamasa tarti’m affiksli –ar formali’ kelbetlik feyildin’ tiykari’ni’n’ keyninde de dizbeklese aladi’. Mi’sallar: Peshsheler jaydi’n’ ishine kirmes ushi’n terezelerge siyle kerip qoyi’w da’rka’r (U.Xalmuratov). Ushardi’n’ aldi’nda Ivanov mag’an keldi (N.Da’wqaraev). Ko’sherimdi jel bilsin, qonari’mdi’ say bilsin (Qq.x.n-m.). Azanda qoylardi’ sanag’anda seni jekke tuti’p ali’p, qayti’p kelmeske jiberemen,- dep woyladi’ da’w (qq.x.ye). Men usi’ xatti’ jazarda pocta arqali’ ju’z manat aqsha jiberdim (J.Ta’minov). Bilgennen aqi’l sorasan’, da’rt qalmay miyrin’ qandi’rar, bilmesten aqi’l sorasan’, wo’kpe-bawi’ri’n’ jandi’rar (A’Shamuratov).

**III.2. –a, -ye, -y + tug’i’n formali’ kelbetlik feyiller.**

Bul forma ha’zirgi keler ma’ha’l kelbetlik feyilin jasaw ushi’n xi’zmet yetedi. Bul kelbetlik feyildin’ affiksi genetikali’q jaqtan qospali’ dizbekten ibarat. Wol –a, -ye, -y hal feyil affiksi menen turg’an wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyil formasi’ndag’i’ tu’r-ko’mekshi feyilinen jasalg’an. Bul dizbek son’ qi’sqarg’an tu(r)-g’an > tu-g’i’n tu’rinde bir pu’tin qospa affikske aylang’an[1].

-tug’i’n formali’ kelbetlik feyil wo’zinin’ ma’nisi jag’i’nan tiykari’nan alg’anda dawamli’, turaqli’ tu’rde ha’m a’dettegi bolatug’i’n ha’reket-belgini yamasa hal jag’day belgini bildiredi, yag’ni’y wol ha’zirgi keler ma’ha’l kelbetlik feyili ma’nisinde qollani’ladi’. Mi’sali’: G’arri’si’ du’nyada joq wo’nerdi biletug’i’n bir qassapqa sha’kirt yetip beredi (Qq.x.ye). Ayzada Tashkenttegi worta mag’li’wmat beretug’i’n medicina texnikumi’na tu’sti (Wo’.Xojaniyazov).

---

[1] Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II. Фонетика и морфология, часть первая, М., 1952, стр. 429.

-tug’i’n formali’ kelbetlik feyil ha’zirgi waqi’tta g’ana tamamlani’wg’a uqi’pli’ yamasa bolatug’i’n ha’reketti de bildiredi. Mi’sali’: Ha’zir jen’ tu’rip, bilek si’bani’p isleytug’i’n waqi’t (J.Seytnazarov).

Bul forma kelbetlik feyil tiykari’nan, atawi’sh so’zlerdin’ aldi’nda dialektikali’q ma’nide qollani’li’p, yag’ni’y predmetti ha’reket arqali’ si’patlap, atributivlik funkciya atqaradi’: Wol yele nur boli’p quyi’latug’i’n ha’m wo’zin’di ma’n’gi jasati’p jasartatug’i’n, okean menen baylani’sti’ratug’I’n Sibir da’ryalari’ni’n’ qu’diretli tolqi’nlari’na usaydi’ (Q.Yerniyazov). Woni’n’ ani’g’i’n toli’p-tasi’p ag’atug’i’n bizin’ Tazasuw g’ana biledi ha’m yadi’nda saqlaydi’ (S.Qalaev).

-tug’i’n formali’ kelbetlik feyillerden feyildin’ do’rendi formalari’ni’n’ jasali’wi’. -tug’i’n formali’ ha’zirgi keler ma’ha’l kelbetlik feyilinen substantivlestiriwshi –li’q/-lik affiksinin’ ja’rdemi menen yekinshi da’rejeli atawi’sh feyil jasaladi’. –tug’i’nli’q formasi’ atawi’sh feyil -tug’i’n formali’ kelbetlik feyilge jaqi’nli’g’i’n saqlaydi’, yag’niy wol usi’ kelbetlik feyilge ta’n feyillik qa’siyetlerge iye (da’reje, tu’r, ma’ha’l, basqari’wg’a uqi’pli’li’q). –tug’i’nli’q formali’ ha’zirgi keler ma’ha’l yekinshi da’rejeli atawi’sh feyil sol atawi’sh feyildin’ tiykari’na jalg’anatug’i’n kelbetlik feyil usap, tarti’m ha’m seplik affikslerin wo’zine qabi’l yetedi. Mi’sali’: Menin’ ati’zda isleytug’i’ni’ma renjip ju’rgen shi’g’ar (I.Yusupov).

Ko’plik affiksleri menen qollani’latug’i’n -tug’i’n formali’ kelbetlik feyil. Bul forma –lar/-ler ko’plik affiksin qabi’l yetedi ha’m ha’reket iyesinin’ belgili bir topari’ ma’nisin an’latadi’ yag’niy substantivlesedi. Mi’sali’: Al sabaqlari’n bilmeytug’i’nlar baqi’ri’sqa dawi’s qosi’p, tek i’n’qi’ldap woti’r (A’Shamuratov).

-tug’i’n formali’ tarti’m affiksli kelbetlik feyiller. Bul forma basqa kelbetlik feyil formalari’ si’yaqli’, ani’qlani’wsh’i’ so’zler ma’nisinde

qollani’li’p tarti’m affikslerin wo’zine qabi’l yetedi. Bunday jag’dayda -tug’i’n formali’ kelbetlik feyiller substantivlesedi, yag’ni’y ha’reket processin, ha’rekettin’ na’tiyjesin yamasa woni’n’ obektin bildiredi. Mi’sali’: Alatug’i’ni’m, alatug’i’ni’n’, alatug’i’ni, alatug’i’ni’mi’z, alatug’i’ni’n’i’z, alatug’i’ni’.

Seplik affiksli -tug’i’n formali’ kelbetlik feyilleri. -tug’i’n kelbetlik feyili substantivlesedi, seplik affikslerin qabi’l yetip, tirkewishler menen dizbeklesedi. Bul kelbetlik feyil formasi’ basqa kelbetlik feyil formalari’nan (-g’an, -ar) barli’q sepliklerde wo’zgermewi menen aji’rali’p turadi’. Geypara seplik formalari’ ya birotala qollani’lmaydi, ya ju’da’ siyrek ushi’rasadi’.

Seplik affiksleri -tug’i’n formali’ kelbetlik feyiline tikkeley yamasa tarti’m affiksli sol kelbetlik feyiller tiykari’na jalg’ana beredi. Mi’sallar: Bu’rkittin’ qanday an’lardi’ alatug’i’ni’ jo’ninde sorasti’ri’p ko’rdim (T.Na’jimov). Bir ati’zda paxta ha’r qiyli’ boli’p wo’setug’i’ni’ni’n’ sebebin bilesen’ be? (S.Qalaev). Menin’ qashan ketetug’i’ni’mdi’ ani’q ayta almadi’m (N.Da’wqaraev). Sizin’ qorqpaytug’i’ni’n’i’zg’a inanaman (N.Da’wqaraev). Son’i’nan soraytug’i’ni’nan xabari’mjoq, al degen son’ ala berippen (Qq.x.n-m).

Kelbetlik feyildin’ -tug’i’n formasi’ tikkeley betlik affiksleri menen wo’zgermeydi. Bul forma bayanlawi’sh xi’zmetinde kelgende yedi, yemes toli’qsi’z feyilleri ha’m bol ko’mekshi feyili menen dizbeklesedi ha’m betlik affiksleri sol ko’mekshi elementlerge qosi’ladi’.

Keler ma’ha’l kelbetlik feyilinin’ yedi, yemes toli’qsi’z feyil menen dizbeklesip wo’tken ma’ha’l ma’nisinde keliwi tilde wo’nimli qollani’ladi’: Qasi’ndag’i’ jalg’i’z qi’zi’ bolg’anli’qtan tapqani’n qi’zi’na kiygizetug’i’n yedi. Wol kiyim kiygende adam qarap turg’anday boli’p jarasatug’i’n yedi

(N.Da’wqaraev). Jaw Tazasuwdi’n’ jag’alari’nda wo’zlerinin’ da’skelerin qaldi’ri’p qashatug’i’n yedi. Wo’zimnin’ qalayi’nsha ha’m qayaqtan bul jerlerge kelip qalg’ani’mdi’, menin’ ata-anamni’n’ kim yekenligin bilmeytug’i’n yedim (S.Qalaev).

**III.3. –a, -ye, -y + jaq formali’ kelbetlik feyiller.**

Kelbetlik feyildin’ jaq affiksi –a, -ye, -y boli’mli’ formada ha’m –ma+y/-me+y (boli’msi’z formada) formali’ hal feyillerge jalg’ani’p keler ma’ha’l kelbetlik feyilin jasaydi’: barajaq, kelejaq, soyleyjaq, woqi’yjaq, barmayjaq, kelmeyjaq, so’ylemeyjaq.

-jaq formali’ keler ma’ha’l kelbetlik feyili de ha’zirgi qaraqalpaq tilindegi wo’nimli formalardi’n’ biri yesaplanadi’. Wol kelbetlik feyil formalari’ni’n’ basqa wo’nimli tu’rleri si’yaqli’, qa’legen feyil tiykari’nan jasala aladi’.

Tiyislilik ma’nili -jaq formasi’ndag’i’ keler ma’ha’l kelbetlik feyili ma’nisi jag’i’nan jaqi’n waqi’tlardi’n’ ishinde boli’wg’a tiyisli ha’reketti an’latadi’. Mi’sallar: -Siz kewlin’izge awi’r almasan’i’z, jen’ge, bir aytajaq so’zim bar deydi (Qq.x.ye).

Ketti degen bati’rdi’n’

Quwajaq boli’p keyninen (Qi’ri’q qi’z).

Keler ma’ha’l kelbetlik feyildin’ –a, -ye, -y + jaq formasi’ ataw formasi’nda atli’q so’zlerdin’ aldi’nda kelgende, atributivlik ma’nide keledi: Usi’ kishkentay a’n’gimede ayti’lajaq waqi’yalardi’n’ barli’g’i’ Tazasuw menen baylani’sli’. Shamasi’, suwdi’n’ dawi’si’ni’n’ yesitiliwine qaray alg’a ju’rejaq joli’ni’n’ uzaq-jaqi’nli’g’i’n ani’qlasa kerek (S.Qalaev). Wol aldag’i’ waqi’tlari’ isleyjaq jumi’slari’n ko’z aldi’na keltirdi. (Q.Yermanov).

Bul forma hesh qanday so’z wo’zgertiwshi affikssiz, ataw formasi’nda ga’ptin’ aqi’ri’nda kelgende, predikativlik xi’zmet atqaradi’: Bul ji’ynaqti’n’

ma'nisi ne? Bunda ne ga'p bolajaq? – dep soradi' Axmet. Bunda so'z soylenejaq, tu'sinesen' be? Sizlerdin' jan'ag'i'day xali'n'i'zdi' ko'rip ku'yinejaq (S.Qalaev).

Yeki jag'dayda da, atributivlik ha'm predikativlik xi'zmette de kelbetlik feyildin' –a, -ye, -y + jaq formasi' kelesi waqi'tqa qatnasli' is-ha'reketti bildiredi. Ma'selen, so'ylenejaq so'z yamasa so'z so'ylenejaq dep attqanda, yeki poziciyada da kelbetlik feyil keler ma'ha'l ma'nisinde keledi. Buni'n' birinshisinde kelbetlik feyil predmettin' kelesi waqi'tqa qatnasli' yekenin bildirip, sol predmetti is-ha'reket arqali' si'patlaydi', yekinshisinde sol forma predmettin' is-ha'reketinin' keleshekte islenetug'i'ni'n bildirip, subekttin' is-ha'reketi xi'zmetin atqaradi'.

1) –jaq formali' kelbetlik feyilden do'rendi formalari'ni'n' jasali'wi'.

Substantivlik formalardi' talap yetiwshi ga'p ag'zalari'ni'n' xi'zmetinde –jaq formali' kelbetlik feyil, tiykari'nan alg'anda, substantivlestiriwshi – li'q/-lik affikslerisiz qollani'ladi'. Mi'sali': Menin' kelejag'i'mdi' bilgen yekensen' (Qq.x.ye).

–jaq formali' kelbetlik ma'ni an'lati'wshi' keler ma'ha'lden –day/-tay Sali'sti'ri'w affikslerinin' ja'rdemi menen ha'rekettin' si'ni'n yag'ni'y si'n pi'si'qlawi'shli' yamasa Sali'sti'ri'w ma'nisin an'latatug'i'n yekinshi da'rejali hal feyil formasi' jasaladi'. Mi'sali': … Meni yertip ju'rejaqtay ko'rindi de turdi'. (A'.Shamuratov).

2) –jaq formali' tarti'm affiksli kelbetlik feyiller. Tiyislilik ma'ni an'lati'wshi' –jaq keler ma'ha'l formasi' basqa kelbetlik feyil formalari' qusap, ani'qlani'wshi' so'zler menen qollani'li'p, tarti'm affikslerin wo'zlerine qabi'l yetedi. Mi'sali': Alajag'i'm, alajag'i'n', aljag'i', aljag'i'mi'z, aljag'i'n'i'z, aljag'i'.

Bunday jag'dayda –jaq formali' kelbetlik feyiller substantivlesedi, yag'ni'y, ha'reket processin ha'rekettin' na'tiyjesin yamasa woni'n' subektin bildiredi.

3) Seplik affiksli –jaq formali' kelbetlik feyiller. Keler ma'ha'l kelbetlik feyilinin' bul formasi' substantivlik formalardi' talap yetiwshi ga'p ag'zalari'ni'n' xi'zmetin atqari'p, seplik affikslerin qabi'l yetedi ha'm tirkewishler menen dizbeklesedi.

Seplik affiksleri –jaq formali' kelbetlik feyiline tikkeley yamasa tarti'm affiksli sol kelbetlik feyiller tiykari'na jalg'ana beredi. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinde –jaq formali' kelbetlik feyillerinin' tari'm affiksleri menen sepleniw tu'ri ko'birek ushrasadi': Mi'sali': Qa'ne, ne aytajag'i'n' bar (Qq.x.ye.). Aytajaqti'n' ba'rin an'lap woti'rg'an yekensen' (Qq.x.ye.). Menin' kelejag'i'mdi' sezbegen bolsa kerek (S.Qalaev). Wol menin' aytajag'i'ma kewil bo'lmeydi. Senin' bul aytajag'i'n'nan hesh qanday na'tiyje shi'qpaydi.

**III.4. –maqshi'/-mekshi formali' kelbetlik feyiller.**

Kelbetlik feyildin' bul formasi' ha'reket ati' feyilinin' –maq/-mek formasi'na ka'sip iyesi ma'nisin bildiriwshi –shi'/-shi affiksi qosi'li'p, maqset ma'nili keler ma'ha'l kelbetlik feyili jasaladi'[1]. Bul kelbetlik feyildin' fonetikali'q variantlari' –paqshi'/-pekshi, -baqshi'/-bekshi formalari'nda qollni'ladi'. Woni'n' boli'msi'zli'q formasi' yemes toli'qsi'z feyilinin' dizbeklesiwi arqali' analitikali'q formada bildiriledi: barmaqshi', kelmekshi, aytpaqshi', jazbaqshi', barmaqshi' yemes, aytpaqshi' yemes t.b.

-maqshi' formali' kelbetlik feyil kelbetlik feyillerdin' wo'nimli formalari'nan yesaplanadi'. Sebebi wol boli'msi'z formadag'i' qa'legen

---

[1] Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, Билим, 1994. 280-б.

feyil tiykari’nan jasala aladi’. Sonday-aq -maqshi’ formali’ kelbetlik feyil feyildin’ da’reje ha’m tu’r formalari’nan da jasali’wi’ mu’mkin. -maqshi’/-mekshi formali’ kelbetlik feyiller ha’zirgi qaraqalpaq tilinde sheklengen ko’lemde g’ana qollani’ladi’. Wol ko’binese bayanlawi’sh xi’zmetinde keledi, al ani’qlawi’sh xi’zmetinde bolsa ju’da’ siyrek ushi’rasadi’.

Betlik jalg’awli’ –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil. 1) Tilek miyillerinin’ ma’ha’llerin jasawda –maqshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ ro’li. A) Niyetli keler ma’ha’l. Bayanlawi’sh xi’zmetinde qollang’anda bul forma birlik ha’m ko’plik sandag’i’ birinshi ha’m yekinshi bet affikslerin wo’zine qabi’l yetedi ha’m tilek meyilinin’ niyetli keler ma’ha’lin jasaydi’.

Tilek meyilinin’ niyetli keler ma’ha’lin jasaw ushi’n xi’zmet yetetug’i’n betlik affiksli –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil kelesi ma’ha’lde wori’nlani’w mu’mkinshiligine iye bolg’an real niyetti bildiredi. Solay yetip, tilek meyilinin’ niyetli keler ma’ha’li mi’na sxema boyi’nsha jasaladi’: feyil tiykari’+maqshi’ affiksli+betlik affifsi. Birlik ha’m ko’plik sanni’n’ u’shinshi beti bet ko’rsetkishine iye yemes. Mi’sali’: Awi’l xojali’g’i’ni’n’ gu’lleniwi ushi’n tag’i’ da is qi’lmaqshi’man (X.Seytov). Shiyrin so’z, bir dana gu’l menen aldamaqshi’san’ (I.Yusupov). Bizler siz benen so’ylespekshimiz (J.Aymurzaev). Wolar bizlerdi tiriley qolg’a tu’sirmekshi (N.Da’wqaraev).

Tilek meyilinin’ niyetli keler ma’ha’linin’ boli’msi’z formasi’ –maqshi’ formali’ kelbetlik feyilinin’ “yemes” so’zi menen dizbeklesiwinen jasaladi’. Mi’sali’: Jazbaqshi’ yemespen, jazbaqshi’ yemessen’, jazbaqshi’ yemes t.b.

b) Niyetli wo’tken ma’ha’l. –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil betleniwshi “yedim” formasi’ menen dizbeklesip, tilek meyilinin’ niyetli wo’tken ma’ha’lin jasaydi’. –maqshi’ formali’ kelbetlik feyilinin’ betleniwshi “yedim” formasi’ menen dizbeklesiwinen jasalg’an tilek

meyilinin’ wo’tken ma’ha’li wori’nlanbay qalg’an wo’tken waqi’ttag’i’ niyet ma’nisin an’latadi’. Mi’sali’: Jumi’sqa kirmekshi yedim, biraq g’arri’ anamdi’ qiymay qayti’p kiyati’rman (N.Da’wqaraev). Boladi’ kirin’iz, ne aytpaqshi’ yedin’iz? (N.Da’wqaraev).

Boli’msi’z forma –maqshi’ formali’ kelbetlik feyildin’ “yemes” so’zi menen dizbeklesiwinen jasaladi’. “Yemes” so’zi –maqshi’ formali’ kelbetlik feyilinin’ betleniwshi “yedim” formasi’ni’n’ arasi’nda turadi’. Mi’sali’: jazbaqshi’ yemes yedim, jazbaqshi’ yemes yedin’, jazbaqshi’ yemes yedi, jazbaqshi’ yemes yedik, jazbaqshi’ yemes yedin’ler (yedin’iz, yedin’izler), (wolar) jazbaqshi’ yemes yedi.

–maqshi’ formali’ kelbetlik feyildi’n’ “bol” feyili menen qollani’li’wi’. Bayanlawi’sh xi’zmetinde –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil baylani’sti’ri’wshi’ bol feyili menen jiyi qollani’ladi’. Bunday jag’dayda “bol” feyili ani’qli’q ha’m sha’rt meyilleri formasi’nda turadi’, sol birliktin’ betleniwshi bo’legi boli’p yesaplanadi’. –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil ma’ha’l, meyil ha’m bet belgilerine iye “bol” feyili menen dizbeklesip ani’qli’q ha’m sha’rt meyillerinin’ ma’ha’l ottenoklari’na iye niyetti an’latadi’. Mi’sali’:

boladi’
boldi’
woqi’maqshi’ + boli’pti’
bolg’an yedi
boli’p yedi
bolsa

Bir ma’ha’lleri jigit ketpekshi boldi’ (Qq.x.ye). Arashalamaqshi’ bolg’an A’dilbekke bir-yeki qamshi’ tiydi (S.Xojaniyazov). Men si’yi’ri’mi’zdi’ tani’maqshi’ boli’p pada betke qarayman (S.Qalaev).

Mamanni’n’ bendelerdi bosatpaqshi’ bolg’ani’n qarawi’llardan yesitken (T.Qayi’pbergenov).

–maqshi’ formali’ kelbetlik feyildi’n’ “yeken” modal so’zi menen qollani’li’wi’. Tilek meyilinin’ niyetli wo’tken ma’ha’linin’ tiykari’ boli’p yesaplanatug’i’n –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil “yeken” modal so’zi menen dizbekte qollani’li’ladi’. Bunday dizbekte –maqshi’ formali’ kelbetlik feyil wo’zgerissiz qala beredi de, al “yeken” modal so’zi barli’q betlerde wo’zgeredi.

–maqshi’ formali’ kelbetlik feyil “yeken” modal so’zi menen dizbeklesip, basqa bir yekinshi da’rejeli faktlerden an’lati’latug’i’n niyet ma’nisin bildiredi. Mi’sali’: Mektep direkciyasi’ ji’ynali’s wo’tkermekshi yeken (J.Ta’jenov). Sen bizin’ u’yge kelmekshi yekensen’ biraq wol jibermepti (Sh.Seytov).

## Juwmaq

Kelbetlik feyiller kategoriyasi' qaraqalpaq tilinin' grammatikali'q quri'li'si'nda real kategoriyalardi'n' biri. Buni'n' bi'lay boli'wi'ni'n' sebebi sonda, bul kategoriya feyil sistemasi'nda forma jasawshi' wo'zine ta'n affikslerine iye. Soni'n' menen birge, bul affikslerdin' ha'r biri wo'zinin' belgili bir ma'nileri menen xarakterlenedi.

Kelbetlik feyiller kategoriyasi' ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tilinin' grammatikali'q quri'li'si'ndag'i' yen' qi'yi'n ha'm yen' qospali', ahmiyetli grammatikali'q kategoriyalardi'n' biri boli'p yesaplanadi'. Kelbetlik feyil wo'zine yeki so'z shaqabi'ni'n' – feyil ha'm kelbetliktin' ma'nisin biriktiriwshi feyildin' bet bildirmeytug'i'n formasi'. Kelbetlik feyil is-ha'reket ma'nisinde kelgende da'reje, ma'ha'l kategoriyalari'na boli'mli' ha'm boli'msi'z formalari'na iye boladi', bet-san affiksleri menen wo'zgeredi, basqa feyiller si'yaqli' seplik formali' ha'm tirkewishli atawi'shlardi' basqaradi'.

Kelbetlik feyildin' kelbetlikke jaqi'nli'q ta'repi kelbetlikler si'yaqli', atli'q so'zlerge qatnasli' ani'qlawi'shli'q xi'zmet atqaradi'. Wolar kelbetlikler si'yaqli' substantivlesip, atli'qlarg'a ta'n seplik, ko'plik ha'm tarti'm affiksleri menen wo'zgeredi. Kelbetlik feyildin' bul wo'zgesheligi woni'n' atawi'sh so'zlerge, a'sirese kelbetlikke jaqi'n yekenligin bildiredi. Kelbetlik feyildin' barli'q formalari'ni'n' atributivlik-ani'qlawi'shli'q ma'ni bildirip keliwi birdey da'rejede yemes. Atributivlik-ani'qlawi'shli'q funkciyani', tiykari'nan kelbetlik feyildin' –g'an, -tug'i'n, ar(-mas), -jaq, -(i'/i) wshi'-wish, - (i'/i) wli'/wli, ju'da' siyrek jag'dayda –maqshi'/-mekshi formalari' atqaradi'.

Kelbetlik feyil formalari’ ma’ha’l kategoriyasi’na qatnasli’ boli’p kelgen menen, wo’zinin’ tiykarg’i’ dorendi formasi’nda turi’p haqi’yqi’y meyil kategoriyasi’na iye bola almaydi’.

Usi’lardan kelip shi’g’i’p, izertlenilgen tiykarg’i’ materiallarg’a baylani’sli’ mi’naday juwmaq shi’g’ari’wg’a boladi’:

1. Kelbetlik feyil ko’p qollani’latug’i’n grammatikali’q kategoriyalardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Wol jazba tilde de, awi’zeki so’ylew tilinde de ken’ qollani’ladi’. Bul pu’tin grammatikali’q kategoriyani’ quraytug’i’n kelbetlik feyillerge tiyisli, al kelbetlik feyil formalari’ni’n’ geyparalari’na kelsek, wonda usi’ wo’nimli ha’m rawajlani’wshi’ formalar menen birge qaraqalpaq tilinde wo’nimsiz rawajlani’wdan qalg’an formalardi’ da ko’remiz. Mi’sali’: -g’an, -ar, -tug’i’n, -jaq ha’m tag’i’ basqalar wo’nimli kelbetlik feyil formalari’n qurasa, -mag’an, -i’wshi’, -i’wli’ ha’m tag’i’ basqalari’ wo’nimsiz kelbetlik feyil formalari’ boli’p tabi’ladi’.

2. Kelbetlik feyiller feyildin’ do’rendi formalari’ni’n’ ayri’qsha bir tu’ri sipati’nda feyil ha’m atawi’sh so’zlerge ta’n belgilerge iye. Kelbetlik feyil qa’legen feyil tiykari’nan jasaladi’ ha’m ha’reket processinin’, ha’reket jag’dayi’ni’n’ ma’nisin wo’zinde saqlaydi’. Wol feyildin’ da’reje ha’m tu’r tiykarlari’nan jasali’p, wo’zleri jasalg’an feyil tiykarlari’na ta’n da’reje ha’m tu’r ma’nilerin saqlap keledi. Usi’ni’n’ menen birge kelbetlik feyil ma’ha’l ha’m meyil kategoriyalari’na iye.

3. Geypara kelbetlik feyil formalari’ ken’ sintaksislik xi’zmetlerge iye. Sonli’qtan wolar atawi’sh ha’m feyillerdin’ so’z wo’zgertiwshi formalari’na iye boli’p keledi. Kelbetlik feyil substantivlik formalardi’ talap yetiwshi ga’p ag’zalari’ni’n’ xi’zmetin atqari’p, atawi’sh so’zlerge usap, tarti’m affikslerin wo’zine qabi’l yetedi, seplik affiksleri menen wo’zgeredi,

tirkewishler ha’m ko’mekshi atawi’shlar menen dizbeklesedi. Bayanlawi’sh xi’zmetinde qollani’lg’an kelbetlik feyiller betlik affikslerin qabi’l yetedi yamasa betleniwshi “yedim” so’zi menen dizbeklesedi ha’m feyildin’ belgili bir meyillerinin’ ma’ha’llerin jasaw ushi’n xi’zmet yetedi.

4. Qaraqalpaq a’debiy tilindegi kelbetlik feyillerdin’ ma’ha’l kategoriyasi’na qatnasli’li’g’i’ sheklenbegen. Kelbetlik feyiller do’rendi formasi’nda ma’ha’l kategoriyasi’ni’n’ ha’mme tu’rin bildiriw menen qatar, feyildin’ ha’mme ma’ha’l tu’rlerinin’ jasali’wi’ ushi’n tiykar boladi’. Biraq kelbetlik feyiller sol do’rendi forma si’pati’nda konkret meyillik ma’nige iye bola almaydi’. Kelbetlik feyildin’ meyil kategoriyasi’na qatnasli’li’g’i’ woni’n’ betleniw formasi’ menen baylani’sli’ qarali’wi’ tiyis.

5. Kelbetlik feyiller ma’ha’l ma’nisin bildiriwshi arnawli’ affiksler arqali’ jasaladi’. Kelbetlik feyil jasawshi’ affikslerdin’ ma’ha’l kategoriyasi’na qatnasi’na qaray qaraqalpaq a’debiy tilinde u’sh tu’rli qa’liplesken: wo’tken ma’ha’l kelbetlik feyil formalari’, ha’zirgi ma’ha’l kelbetlik feyil formalari’, keler ma’ha’l kelbetlik feyil formalari’. Bul formalardi’n’ ha’r birinin’ tilimizde wo’zine ta’n kategoriyali’q ha’m sintaksislik wo’zgeshelikleri bar.

Juwmaqlap aytqanda ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi kelbetlik feyiller kategoriyasi’ grammatikadag’i’ qi’yi’n ha’m qospali’ grammatikali’q kategoriya boli’p tabi’ladi’. Biz jumi’si’mi’zda kelbetlik feyil formalari’n u’yreniwde woni’n’ tiykarg’I’ formalari’n morfoligiyali’q jobada izertlep, wolardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin u’yreniwdi, bul kategoriyani’n’ qaraqalpaq tilinin’ grammatikali’q quri’li’si’ndag’i’ worni’n ha’m xi’zmetlerin ani’qlawdi’ basli’ maqset yetip qoydi’q.

Jumi’simi’zg’a ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy so’ylew tilinin’ materiallari’ ha’m ha’zirgi ku’nde turmi’zi’mi’zda qollani’li’p kiyati’rg’an qaraqalpaq tili

orfografikasi’ tiykar boli’p xi’zmet yeti. Woni’n’ juwmaqlari’ qaraqalpaq tilinin’ geypara ma’selelerin sheshiwde, morfologiya tarawi’nda leksiya kurslari’n du’ziwde ha’m a’debiy tilimizdin’ ken’ mu’mkinshiliklerin, wo’zgesheliklerin u’yreniwde teoriyali’q baza si’pati’nda xi’zmet yetedi dep woylaymi’z.

## Paydalai’lg’an a’debiyatlar


1. Алланазаров Ж. К вопросам форм прошедщего времени глагола изъявительного наклонения в каракалпакском языке. Нукус, 1964
2. Аймурзаева А. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде субстантивлескен келбетликлер. Өз.И.А. Қарақалпақстан филиалының хабаршысы, 1979, №2 57-60-бетлер
3. Аймурзаева А. Қарақалпақ тилинде келбетлик ҳәм келбетлик фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис «Билим», 1932
4. Аймурзаева А. Условия субстантивации имен прилагательных в каракалпакском языке. – Қарақалпақ тил билиминиң айырым мәселелери. Нөкис, изд-во НГУ, 1987, стр. 72-78
5. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. II, Фонетика и морфология, часть первая, М., 1952
6. Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде фейилдиң функциональ формаларының системасы. Нөкис, 1990
7. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилинде фейилдиң инфинитив формалары. Өз И.А Қарақалпақстан филиалының хабаршысы, 1984, №4, 73-79-бетлер
8. Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде көплик категориясы. Нөкис, 1961
9. Насыров Д.С. Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. Қарақалпақ мәмлектлик баспасы, Нөкис, 1964
10. Мелиев К. Ҳозирги туркий тилларда сифатдошлар, Тошкент, 1974
11. Садикова М. Ҳозирги ўзбек тилида сифат, Тошкент, 1974
12. Ўзбек тили грамматикаси, I том, Морфология, Тошкент, «Фан», 1975

13. Қазақ тілінің грамматикасы, I, Морфология, Алматы, «Ғылым», 1967
14. Убайдуллаев К. Категория прошедшого времени глаголов в изчевительном наклонении в современном каракалпакскогом языке, Нукус, изд-во «Каракалпакстан», 1978
15. Ҳәзирги қарақалпақ тили, I бөлим, Морфология, Нөкис, 1974
16. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология, Нөкис, 1981
17. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасыю Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, «Билим», 1994
18. Ысқақов А. Қазирги қазақ тілі. I, Морфология. Алматы, «Мектеп», 1974